«Урысей зэкъуэтым» зэхуэсышхуэм зыхуегъэхьэзыр

2-нэ нап.

ЦIыхухэр зыхуэарэзы дохутыр

3-нэ нап.

IэщIагъэм къыхуигъэщIам и зэфIэкI

4-нэ нап.

Далия и сурэтхэр ящэу ягъэлъагъуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№143 (24.737) • 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 28, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Хабзэм къызэригъэувым тету

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Кавказ Ищхъэрэм цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къыщызэгъэпэщыныр хабзэм тету егъэкIуэкIынымкIэ ведомствэхэм я комиссэм и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ Чайкэ Юрий.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ округым хыхьэ щIыналъэхэм блэкIа мазибгъум IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэ дамыщIауэ щылажьэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымкIэ ирагъэкIуэкIа Iуэхум кърикIуахэм. Апхуэдэу КИФЩI-м къыщыщIагъэщащ цIыху мин 58-м щIигъу.

Абы щыщу цIыху мин 53-р хабзэм тету IэнатIэхэм пэрыувэжащ, мин 18,5-м лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ, мин 25-м нэблагъэм уней хьэрычэтыщIэу зрагъэтхащ, мини 9,5-м я щхьэ хуэлэжьэжу зыкъагъэлъэгъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ нэхъапэм «гъэпщкIуауэ» IэнатIэ Iута цIыху мини 3-м нэблагъэм. ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэм зыщезыгъэтха мини 3,2-м щIигъум лэжьыгъэ къагъуэтынымкIэ сэбэп яхуэхъунущ.

Гулъытэ хуащI щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэхэм хуегъэджэжыным, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыным. Абы и лъэныкъуэкIэ колледжхэмрэ промышленнэ предприятэхэмрэ зэгурыIуэныгъэу 5 иращIылIащ.

ЦIыхубэм къащхьэщыжхэр

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуа, УФ-м и Суд приставхэм я къэрал къулыкъущIапIэм (ФССП) и унафэщI Аристов Дмитрий КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ республикэм илъэсым къриубыдэу мы лъэныкъуэм къыщехъулIам, къэралым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ я лэжьыгъэр зэгурыIуэныгъэ хэлъу зэрызэфIагъэкIыпхъэм, зэфIаха Iуэхухэм фIыуэ къыдэкIуам.

ЩIыналъэм щылажьэ ФССП-м и къудамэм уи нэIэ нэхъ зытегъэтыпхъэ цIыхухэм, IэпкълъэпкъкIэ щыщIэныгъэ зиIэхэм, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм ядэлэжьэкIэрэ, мыхьэнэ нэхъ зиIэ къалэнхэр зэригъэзэщIам и гугъу ящIащ.

Псалъэм папщIэ, блэкIа мазипщIым къриубыдэу, цIыхухэм я фейдэ хэлъу сом мелард ныкъуэм нэс къуаншэхэм ирагъэпшынащ, IуэхущIапIэхэм я фейдэ хэлъу - сом мелард 1,7-рэ. Япэ ирагъэщ балигъ мыхъуа сабийхэр зыпIэхэм яIэрыхьэжыпхъэ къуэдыр. Иужьрей илъэси 5-м щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэр 9-кIэ нэхъыбэ хъуащ, сом мелуан 44-м къыщыщIидзар сом мелуан 400-м нэсащ.

ЗэIущIахэр тепсэлъыхьащ къудамэр бжыгъэр зи лъабжьэ IэмэпсымэкIэ нэгъэсауэ къызэрызэгъэпэщыпхъэм, суд приставхэм я къулыкъущIапIэм и лэжьыгъэм цIыхухэр щыгъуэзэн хуэдэу.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ епхауэ зэфIэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм.

КIуэкIуэ Казбек Аристовым фIыщIэ хуищIащ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым, цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэным хилъхьэ гуащIэм щхьэкIэ.

ИлъэсыщIэ тыгъэу мин 23-рэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ къалэхэмрэ районхэмрэ зэрыщызэфIагъэкIым щытепсэлъыхьа «муниципальнэ сыхьэт» жыпхъэм ит зэIущIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм ищIа унафэхэм язщ къуажэ администрацэхэр Зыуэ щыт, бжыгъэр зи лъабжьэ IуэхущIапIэм пыщIэн зэрыхуейр.

ИлъэсыщIэ дауэдапщэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэми и гугъу ящIащ. Нэхъ пасэу къызэрыхигъэщам тету, КIуэкIуэ Казбек махуэшхуэхэр цIыху куэд хэпщIауэ егъэкIуэкIыныр ди зэманым лейуэ къилъытащ. Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, къалэхэри къуажэхэри ИлъэсыщIэм и нэщэнэхэмкIэ ягъэщIэрэщIэнущ.

«Сабийхэм папщIэ махуэшхуэхэр Iэмал имыIэу едгъэкIуэкIынущ, сыт щыгъуи хуэдэу. 1-5-нэ классхэм щIэс сабийхэр дыгъэгъазэм и 25 - 30-хэм, щIышылэм и 3 - 5-хэм екIуэлIэфынущ Республикэм и ИлъэсыщIэ псейм. Абыхэм яхэтщ щытыкIэ гугъум ихуа сабийхэри, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэри», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

Псори зэхэту илъэсыщIэ тыгъэ мин 23-рэ ягъэхьэзыращ.

ИлъэсыщIэ тыгъэхэр иратынущ республикэм и нэIэ зытримыгъэкI, Херсон областым хиубыдэ Скадовскэ, Голопристанскэ районхэм щыпсэу сабийхэми.

«Урысей зэкъуэтым» зэхуэсышхуэм зыхуегъэхьэзыр

«**Урысей зэкъуэт**» **политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и XXXVI конференцыр дыгъуасэ Налшык щызэхэтащ. Абы щызэрахъуэкIащ партым и щIыналъэ политикэ советым хэтхэр.**

КОНФЕРЕНЦЫР Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ къызэIуахащ. ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIыну абы и Президиумым хахащ: КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим сымэ. Апхуэдэуи арэзы техъуащ Мандат, Къэзыбж комиссэхэм хэтыну къагъэлъэгъуахэм.

Мандат комиссэм и унафэщIу хаха Мэкъушэ Руслан («Урысей зэкъуэт» партым и Налшык къалэ щIыпIэ администрацэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIщ) жиIащ щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм цIыху мин 49-рэ 942-рэ зэрыхэтыр. Хабзэм зэрыщыубзыхуам тету, XXXVI конференцым цIыху 83-рэ къекIуэлIащ, 29-р щIыпIэ къудамэхэм я лIыкIуэу.

ЗэIущIэм Iуэхугъуищым щыхэплъащ: «Партым и Уставым и пункт 13.8.2-м тету, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и щIыналъэ политикэ советым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», «Партым и Уставым и пункт 13.9.4-м тету, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и щIыналъэ политикэ советым и Президиумым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», «Урысей зэкъуэт» партым и XXII зэхуэсым ягъэкIуэну лIыкIуэхэр хэхыным и IуэхукIэ».

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КIуэкIуэ Казбек журналистхэм яIущIащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек илъэсым и кIэм иригъэкIуэкI хабзэ пресс-конференцыр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ. Абы хэтащ федеральнэ, республикэ, район хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр. Зэпсэлъэныгъэр траухуащ 2024 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ илъэсыщIэм къапэщыт къалэнхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ журналистхэм яхуэзэну зэригуапэр, абыхэм епсэлъэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр. «Си мызакъуэу, республикэм исхэм, ди лъахэм дежкIэ сэбэпынагъ зыпылъ Iуэхуу къызолъытэ мыпхуэдэ зэIущIэр. Нобэ я гугъу тщIыфынущ сыт хуэдэ мурадхэр диIэу ИлъэсыщIэм дытехьэнуми, 2024 гъэм зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэми. Ауэ сэ нэхъыбэу сызыхуейр фи упщIэхэр зэхэсхынырщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, республикэм щыпсэухэм я гурыгъугурыщIэхэр си деж къэзыхьэсри, къэхъукъащIэхэм я хъыбар пэжыр цIыхубэм яхэзыхьэри фэращ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэрщ. ЕтIуанэрауэ, сытым дежи жэуаплыныгъэ фхэлъу цIыхухэм хъыбар зэревгъащIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къызэднэкIа илъэсым дяэжьахэм дахэплъэж щыхъуну пIалъэщ нобИ, фыкъызэрызэупщIхэм жэуап естыну сыхьэзырщ», - жиIащ КIуэкIуэм.

Белгъэрокъуэ М., «Кабардино-Балкарская правда»: **Илъэсым и кIэм республикэ бюджетым и щытыкIэр зыхуэдэм сыщIэупщIэнут, хэхъуэ иIэну? Ди республикэм езым къилэжьыжа мылъкумкIэ сыт зыIэригъэхьэфар мы гъэм? Апхуэдэуи, илъэсыщIэм сыт хуэдэ зэужьыныгъэ дгъуэтыну, уэ узэрепльымкIэ?**

- Республикэ бюджетым и гугъу пщIымэ, псэукIэм ехьэлIауэ ди пщэрылъ псори дгъэзащIэу жысIэфынущ.

2023 гъэм республикэм езым и хэхъуэу сом мелард 17-рэ мелуан 900-рэ иIащ, мы гъэм, щэкIуэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу, сом мелард 18-м щIигъуащ къытхэхъуар, илъэсым и кIэм сом мелард 21-м нэдгъэсауэ зэхуэтщIыну ди мурадщ. Ар сом мелларди 3-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм еплъытмэ. Сыт абы къыдитар? Ди цIыхухэм я улахуэр хэдгъэхъуащ, илъэс къэс шыщхьэIум зэрытщI хабзэм тету, бюджет IэнатIэм пэрытхэм яхущIыдгъуащ, хуэгъэкIуатэкIэ хущхъуэ къызыIэрыхьэхэр къызэдгъэпэщащ, курыт еджапIэхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр къэтщэхуащ, къыдэдгъэкIащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, социальнэ Iуэхухэращ зытедгъэкIуэдар. Хэхъуэм къыдита IэмалхэмкIэщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм дазэрыдэIэпыкъур. Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейщ: дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм дазэрыдэIэпыкъур зыкIи зэран хуэхъуакъым ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэтщI гулъытэм.

ДяпэкIэ бюджетыр нэхъри хэхъуэну догугъэ икIи сыт хуэдэ Iуэху къытлъыкъуэкIми, зы социальнэ Iуэхуи ахъшэ хухэдмыхыу къэдгъэнэнукъым.

Бейтыгъуэн А., «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК: **Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ фазэрыдэIэпыкъум, уэ уи жэрдэмкIэ ди республикэм щрагъэжьа «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» Iуэхур зэрекIуэкIым и гугъу уэзгъэщIынут.**

- Мыбыхэм зэрызащIэдгъакъуэ Iуэхухэр 24-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэхэр жыпIэмэ, абы хохьэ дзэм ираджа ди щIалэхэм мазэ къэс сом мин 25-рэ зэреттыр, хэкIуэдахэм яхухэтх ахъшэр, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я бынхэр школхэм пщIэншэу зэрыщыдгъашхэр, унагъуэхэм, сабийхэм дазэрыдэIэпыкъур, нэгъуэщIхэри. ЛIыхъужьхэм я бынхэм курыт еджапIэхэм дащыкIэлъоплъ, класс унафэщIхэм хъыбар къытIэрагъэхьэ, гугъу ехьхэм дадоIэпыкъу. «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэр хагъэхъуэнымкIэ, я мурадхэр зрагъэхъулIэнымкIэ, я нэгу зрагъэужьынымкIэ, еджэнымкIэ дадоIэпыкъу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм я адэхэм нобэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэр ягъэзащIэу - я Хэкур яхъумэу - зауэ губгъуэм итщ.

Къущхьэунэ М., «РИА Новости»: **Тырныауз дэт комбинатыр къагъэщIэрэщIэжауэ къызэрызэIуахыныр зэрыт дэфтэрхэр и кIэм нэса? Сыт хуэдиз мылъку абы текIуэдэнур?**

- Зи гугъу пщIы моделыр 2025 гъэм и гъатхэпэм ягъэхьэзыру ди пащхьэ кърралъхьэн хуейуэ аращ. Абы сом мелард 56-рэ инвестицэу къыхалъхьэнущ, ауэ а бжыгъэм иджыри зэрызихъуэжынум, зэрыхэхъуэнум шэч хэлъкъым.

Беслъэней Е., «Къэбэрдей-Балъкъэр» радио: **ЩIалэгъуалэм защIэгъэкъуэнымкIэ сыт хуэдэ программэхэр щагъэзащIэрэ ди республикэм икIи унафэ къыщащтэкIэ, зи щIалэгъуэхэр а Iуэхум къыхэша зэрыхъунум дауэ уеплърэ?**

- НобэкIэ программийкIэ дадолажьэ щIалэгъуалэм. Ахэр федеральнэ программэхэм я Iыхьэу ди республикэм щыIэхэрщ, нэхъыбэу зытеухуари къуажэхэм IэщIагъэлIхэр дгъэкIуэнырщ, спортым, волонтер Iуэхум ныбжьыщIэхэр дегъэхьэхынырщ. Фэ фызэрыщыгъуазэщи, КъБР-м иIэщ ЩIалэгъуалэ Парламент, Правительствэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ щIалэгъуалэр политикэм къыхэша мэхъу. Псом нэхъыбэу абыхэм ядэлажьэр, дауи, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэрщ. КъищынэмыщIауэ, зэхыхьэ ин зэмылIэужьыгъуэхэр республикэм къыщызэрагъэпэщ зэпытщи, ныбжьыщIэхэм нобэ я Iуэху зытетым, гупсысэкIэм, зыхуэпабгъэм, зыхущIэкъухэм дыщыгъуазэщ.

Багъэтыр Л., «Адыгэ псалъэ»: **Мы гъэр «Унагъуэм и илъэсщ». Унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, щIэблэр нэхъыбэ хъуным теухуауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ щекIуэкIрэ ди республикэм?**

- Унагъуэм теухуауэ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ къэралым щекIуэкIыр къыпхуэмылъытэн хуэдизу Iуэхугъуэшхуэщ. Сэ ди республикэм щедгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу фхуэсщIынщ. Дэ бынунагъуэшхуэхэм зэрызащIэдгъакъуэр хуэдитIкIэ хэдгъэхъуащ, абыхэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ сом мин 250-рэ етту щытамэ, ар сом мин 500 тщIащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къызолъытэ бынунагъуэшхуэхэм я сабийхэм гъэсапIэхэм щIат пщIэр зэрахщхьэщытхар. АбыкIэ иджыри сигу зэгъауэ щыткъым, дяпэкIи нэхъри едгъэфIэкIуэнущ. КъищынэмыщIауэ, гъэсапIэхэр, еджапIэхэр щIэуэ зэрыдухуэр, зэрызэдгъэпэщыжыр демографие щытыкIэр езыгъэфIакIуэу къызолъытэ.

Къарэлъашэ А., «Горянка»: **Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм иджыри IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум цIыхухэр егъэпIейтей, къуажэхэм щыIа терапевтхэр, къалэн нэхъ мащIэ зыгъэзащIэ лэжьакIуэхэр IуагъэкIащ. Си щхьэкIэ сфIэзэхуэкъым къуажэшхуэм апхуэдэ дохутырхэр зэрыщымыIэр. Сыт абы и хэкIыпIэу плъагъур?**

- Дохутырхэр IуагъэкIыным щхьэусыгъуэ иIэу къэслъытэркъым, IуагъэкIи хъунукъым, ар зэхэгъэкIын хуейщ. Нобэ ди къалэныр IэщIагъэлIхэр щытхуримыкъу сымаджэщхэм дохутырхэр къешэлIэнырщ.

Колодей У., «РИА КъБР»: **Уэ зэрыжыпIамкIэ, ди республикэм щагъэзэщIа «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр и кIэм нэблэгъащ. Абы и пIэкIэ нэгъуэщI программэ убгъуам иужь фихьэнущ. Сыт хуэдэ а проектыр, сыт щIэуэ къытхуихьынур?**

- ПроектыщIэм и купщIэри бгъэдыхьэкIэри ара дыдэщ - гъуэгухэр егъэфIэкIуэнырщ. ГъуэгущIэхэр тетлъхьэнущ, шынагъуэншагъэр къызэдгъэпэщынущ, зэрыжысIащи, автомобиль гъуэгухэр иджыри къэс зэредгъэфIэкIуам дыкъыкIэрымыхуу, дяпэкIи нэхъ деужьэрэкIыу делэжьынущ.

Бейтыгъуэн А., «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК: **Иужьрей илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэ куэд щыдолъагъу Iуащхьэмахуэ лъапэ, хьэщIэщхэр, лъэрыжэ, кIапсэ гъуэгущIэхэр, шхапIэхэр щаухуэ. Абы, шэч хэмылъу, турист нэхъыбэ кърешалIэ. Уэ нэхъ убгъуауэ укъытхутепсэлъыхьыну сыхуейт туризмэм и лъэныкъуэкIэ республикэм зэрызиужьам, дяпэкIэ сыт хуэдэ мурадхэр фиIэ ди зыгъэпсэхупIэхэм ятеухуауэ?**

- Iуащхьэмахуэ лъапэ ехьэлIамэ, мыр къэрал Iуэхущ, проект щхьэхуэм тету зыдогъэужь. Мы махуэхэм зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ сом мелард 14,2-рэ и уасэ кIапсэ гъуэгущIэ къызэIуахыну, Азау деж чэзу зэтрихьа щымыIэу цIыхухэр бгым дэкIуеифын хуэдэу. Абы къищынэмыщIауэ, парк, шхапIэ, хьэщIэщ жыпIэми, а псоми ехьэлIа проектхэр хьэзэр хъуащ, ахъшэ къыхэзылъхьэнухэр щыIэщи, дяпэкIи нэхъ псынщIэжу зиужьынущ. КъищынэмыщIауэ, хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ щофIакIуэ, коттеджхэр, шхапIэхэр щащI, а псомкIэ сэбэп мэхъу къэралри.

Журналистхэр щIэупщIащ мэкъумэш IэнатIэм къыщалэжь хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ республикэм къыхуихь хэхъуэм, къэралым мэкъумэшыщIэхэм зэрызащIигъакъуэм, республикэм фэтэр куэду зэхэту щащI унэхэр ирикъурэ-иримыкъурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыгъэпсэхупIэхэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэм, жылагъуэ транспортыр егъэфIэкIуэным, районхэм, къуажэхэм псэукIэр тынш щыщIыным ехьэлIауэ зэфIэгъэкIыпхъэу къилъытэхэм.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэм фIыщIэ яхуищIащ журналистхэм, сытым дежи и чэзум хъыбар пэж цIыхухэм я пащхьэ зэрыралъхьэм папщIэ. Журналист ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ, IэщIагъэм и Iулыджыр хэгъэхъуэнымкIэ дяпэкIэ зэпеуэхэр къызэрызэрагъэпэщынур жиIащ УнафэщIым, 2025 гъэм щегъэжьауэ апхуэдэ зэпеуэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну, ират ахъшэри хагъэхъуэну зэрамурадыр къыхигъэщащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэрал псом я уафэр мамыру, иджыпсту дыщIэгузавэ Iуэхум текIуэныгъэ къыщытхьауэ, ди щIалэхэр узыншэу я унагъуэхэм къекIуэлIэжыну сынывохъуэхъу!» - жиIащ Iэтащхьэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

НэхъыфIхэм саугъэтхэр ират

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ адыгэбзэкIэ щекIуэкIащ «Iущыцэ» республикэ зэпеуэр. Абы я зэфIэкI щеплъыжащ щIыналъэм и курыт еджапIэхэм я 8 - 11-нэ классхэм щIэсхэр. Абы хэтахэм къагъэлъэгъуащ я тхыдэм, щэнхабзэм, бзэм зэрыхащIыкIыр.***

Адыгейм ЩэнхзабзэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, абы хэтащ гуп 11. Зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Щоджэн районым Хьэткъуэ Ахьмэд и цIэр зэрихьэу щыIэ курыт еджапIэ №6-м и «Гугъэ» командэм икIи хуагъэфэщащ сом 100000 саугъэтыр. Адыгейск къалэм и курыт школ №3-м, Лъостэн Юрий и цIэр зезыхьэм, и «Шабзэшэ» гупым етIуанэ увыпIэр къиихьри, сом мин 50 лъысащ.

Министерствэм республикэ зэпеуэр къызэгъэпэщынымкIэ икIи егъэкIуэкIынымкIэ къадэIэпыкъуахэм гулъытэ яхуищIащ. Жюрим хэтахэм Адыгейм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр, командэхэм я унафэщIхэм фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

Зыгъэпсэхупlэр ирагъэфIакIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Домбай курортым ехьэжьауэ зыщыхуагъэхьэзыр бгы-лыжэ къежэхыгъуэ пIалъэм. Ар къызэIуахынущ дыгъэгъазэм и 14-м. Къыхэдгъэщынщи, нэхъ кIыхь икIи бгъуэ ящIащ «Лесная» гъуэгур. Псори зэхэту апхуэдэ гъуэгу зэмылIэужьыгъуэу 9 зэпэщ щащIынущ Домбай.***

ЗыгъэпсэхупIэм кIапсэ гъуэгухэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу, шынагъуэншэу щытыным ехьэлIа лэжьыгъэ псори щызэфIахащ.

Уэсыр убэным хуэщIа техникэр - ратрак жыхуаIэр - лэжьыгъэм хуагъэхьэзыращ. Зыхуеинум хуэдиз уэс къесмэ, лыжэ къежэхыпIэ гъуэгухэм Iуву тралъхьэнущ. КъинэмыщIауэ, хьэщIэхэм папщIэ машинэ гъэувыпIэхэми къыхагъэхъуащ. Домбай щIыпIэм тыншу ущызекIуэным хуэщIа хъыбарегъащIэ пхъэбгъухэр щагъэувынущ Муссэ-Ачитарэ бгым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Урысей зэкъуэтым» зэхуэсышхуэм зыхуегъэхьэзыр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Мэкъушэм зэрыжиIамкIэ, партым и советым хэтхэр илъэсым зэ проценти 10 хуэдизкIэ яхъуэж. Апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ советым цIыхуибл хагъэкIыжащ. Абы щIэуэ хагъэхьащ Iэтэ Андрей (Красноармейскэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI), Аппаев СулътIан (УФ-м и мэз IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ комитетым и унафэщI), Атмурзаев Марат (Кёнделен къуажэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI), Ефремов Павел («Урысей зэкъуэтым» Прохладнэм щиIэ къудамэ №13-м и секретарь), Коба Ольгэ («Урысей зэкъуэт» партым и Прохладнэ къалэ щIыпIэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ секретарь), Плотников Андрей (Красносельскэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ), Сунш Ахъмэт (Арщыдан къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ) сымэ.

«Партым и Уставым и пункт 13.9.4-м тету, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и щIыналъэ политикэ советым и Президиумым цIыхуитI хагъэкIыжри, тIу къащтащ - Атмурзаев Маратрэ Сунш Ахъмэтрэ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд жиIащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и XXII зэхуэсыр дыгъэгъазэм и 14-м екIуэкIыну зэрытраухуар икIи абы цIыхуитху щIыналъэм къыбгъэдэкIыу ягъэкIуэн зэрыхуейр. IэIэткIэ цIыхуитху лIыкIуэу хахащ: Байсиев Темыржан («Ни шагу назад» волонтёр зэщIэхъееныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI), Беспаловэ Наталье (КъБР-м и Парламентым и депутат), Дадэ МуIэед («Хэкум и хъумакIуэхэр» урысейпсо фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI), ЛIэужь Ахьмэд (КъБР-м и Парламентым и депутат, «Тэрчналмэс» АО-м и унафэщIым и къуэдзэ), Ерчэн Хъусейн (КъБР-м и Парламентым и депутат, «Эрпак» ЗАО-м и унафэщI).

Къуэдзокъуэм дыщIигъуащ ахэр иджы япэу апхуэдэ зэхуэсым хэтыну зэрагъакIуэр икIи къэралым хуэщхьэпэн Iуэхухэм ятеухуа унафэхэр къащтэным я гуащIэ халъхьэфыну къызэрилъытэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЗэфIагъэкIам ироплъэж

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием 2024 гъэм и мазибгъу кIуам илэжьам ириплъэжащ щэкIуэгъуэм и 22-м. ЗэIущIэм хэтащ ЩIДАА-м и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, академием и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, академик Псху Арсен, ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу Бэлахъуэ Олег, ЩIДАА-м филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI БакIуу Хъанджэрий, КъБКъУ-м и профессор, химиемкIэ доктор Къущхьэ Хьэсбий, нэгъуэщIхэри.

- УФ-м щIыхь зиIэ и щIэныгъэ узэщIакIуэ цIэ лъапIэр Къущхьэ Хьэсбий къызэрыхуагъэфащэмкIэ унафэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Iэ тридзащ щэкIуэгъуэм и 21-м. Химием зы мащIэкIэ къепха дэтхэнэ зыри щыгъуазэщ Хьэсбий щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым. Абы и цIэр щыIуащ Кавказым, Урысейм, дуней псом. Гу лъытапхъэщ илъэсиплI ипэ Къущхьэм УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъагэр къызэрыфIащами. Къэбэрдей-Балъкъэрым а щIыхьыр зыхуагъэфэщауэ цIыхуитI къудейщ иIэр! Хуабжьу ди гуапэщ, Тхьэм уригъэфIакIуэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом щIэныгъэлIым щехъуэхъум.

2024 гъэм мазаем ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и Президиумым и зэIущIэ екIуэкIам щIэныгъэлIхэр щытепсэлъыхьат 2024 гъэм ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэм.

Абы зэрыщаубзыхуам тету, 2024 гъэр щIэныгъэ зэIущIэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Зэрихабзэу, академиер елэжьащ «Доклады АМАН» журналым. КъищынэмыщIауэ, ЩIДАА-м Абхъаз Республикэмрэ Адыгеймрэ щаIэ къудамэхэм я лэжьыгъэр, «Адыги-2040. Вектор развития» Iуэхум елэжьынухэр зэтраублащ.

Яубзыхуа жыпхъэм тету, мэкъуауэгъуэм и 21-м ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием «Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ IуэхущIапIэм» щызэхашат губгъуэжыхапхъэм (амброзием) зэрызиубгъуам, цIыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъум, абы зэрыпэщIэт Iэмалхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэр. Абы хэтат IуэхущIапIэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, РАЕН-м и академик, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хутуевэ Светланэ, ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, «Къэббалъкъ Интурист» ООО-м и унафэщI КIыщокъуэ Руслан, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, «Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ IуэхущIапIэм» и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Мадинэ.

И чэзум зэфIагъэкIащ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ илъэс 230-рэ зэрырикъум, бзэм, техникэм, физикэм, химием зегъэужьыным теухуа Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэхэр.

Гулъытэ хэха хуащIащ тхылъ къыдагъэкIыным. Апхуэдэу, ЩIДАА-м и фIыгъэкIэ дунейм къытехьащ Мэшбащ|э Исхьэкъ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Голубоглазая» романыр, «История кабардино-черкесской литературы (на кабардино-черкесском языке)» тхылъым и 3-нэ Iыхьэр, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым и япэ Iыхьэр, Iыхьитlу тха «Адыги» тхылъыр, нэгъуэщIхэри.

- СрогуфIэ икIи сропагэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди институтым щагъэхьэзыра, Iыхьи 4-у зэхэт тхылъым и япэ Iыхьэр дунейм къызэрытехьам. А къыдэкIыгъуэм нарт-хэм ятеухуауэ IуэрыIуатэм къыхэщыжу хъуар зэрыщыткIэ щызэхуэхьэсащ икIи сурэт гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIащ, - жиIащ БакIуу Хъанджэрий.

Гулъытэ щхьэхуэ хуэфащэщ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэу жэпуэгъуэм и 29-м академием и IуэхущIапIэм щекIуэкIам. Абы хэтат щIэныгъэрылажьэхэр, студентхэр, аспирантхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр теухуат адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 230-рэ зэрырикъум. Абы щытепсэлъыхьащ адыгэ тхыдэм Нэгумэ Шорэ щиубыд увыпIэм, ар урысей академик Шёгрен Андрей игъэныбжьэгъуу, дэлажьэу зэрыщытам, къызэринэкIа, нобэм къэмысу кIуэдыжа и IэдакъэщIэкIхэм, узэщIакIуэр къызыхэкIа лъэпкъымрэ унэцIэм къикIымрэ, адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ зэритхыжам, а псоми къыдэхуэу, Нэгумэм урысыдзэм къулыкъу зэрыщищIам, хьэрыпыбзэми, тыркубзэми, къэжэрыбзэми, урысыбзэми, абазэбзэми хуиту ирипсалъэу зэрыщытам.

Академием иубзыхуа Iуэхугъуэхэм языхэзу Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей Республикэм и институтым мы гъэм иригъэкIуэкIащ адыгэбзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ VI Дунейпсо зэIущIэ. ЩIыдэлъху лъэпкъхэм я бзэр хъумэным хухаха илъэси 10-м (2022 - 2032 гъэхэр) ипкъ иту къызэрагъэпэща зэIущIэм хэтат Дунейпсо Адыгэ академием и академикхэр, Дагъыстэн Республикэм, Тыркум, Абхъазым я щIэныгъэлIхэр.

КъищынэмыщIауэ, лэжьыгъэшхуэу зэфIахащ лъэпкъ щэнхабзэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ нобэ къигъэув къалэнхэмрэ теухуа зэIущIэри.

ЩIДАА-м къыдигъэкI щIэныгъэ журналым елэжьхэр къэпсэлъащ, 2024 гъэм и мазибгъу кIуам къриубыдэу ягъэзэщIа лэжьыгъэм, ВАК журналхэм къытрырагъэдза тхыгъэхэм теухуауэ. Псалъэ гуапэкIэ ягу къагъэкIыжащ къапщытэж зэманым къриубыдэу дунейм ехыжа щIэныгъэлIхэри.

Президиумым хэтхэм къапщытащ къэнэжа мазэм къриубыдэу нащIысын хуеймрэ 2025 гъэм ялэжьыну яубзыхуам щыщ гуэрхэмрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

ГъащIэм ипсыхьам и гукъэкIыжхэр



Гъуэтыж БетIал спортсмен лъэрызехьэу зэрыщытам и хъыбар зэхэтхауэ, зыIудгъэщIэну мурад щытщIым, Бахъсэн къалэм щиIэ лъапсэм дыкIуащ, и гъащIэм тедгъэпсэлъыхьыну.

- КЪУЛЪКЪУЖЫН къуажэ сыкъыщыхъуащ. Илъэс 18 иджыри сримыкъупауэ, 1965 гъэм военкоматым зыпысщIэри, шофёр IэщIагъэм щыхуагъасэ еджапIэм сыщIэтIысхьащ. Къызэрызухыу, армэм сыдашащ. А лъэхъэнэм спортымкIэ зэфIэкI гуэрхэр збгъэдэлъу зыдэсщIэжыртэкъым. Армэм къыддэщыIэхэр, си Iэпкълъэпкъым и зэхэлъыкIэм гу щылъатэм, зыкъысхуагъэзат: «Уэзрызэгугъужар сыт хуэдэ спорт лIэужьыгъуэ? Уи Iэпкълъэпкъым зебгъэужьын папщIэ, сытхэм укъэтэджа, шхыныгъуэ зэпхьэлIахэми я гугъу къытхуэщIыт», - жаIэри. «Сыкъэтэджа иужь, сышхэрт, шей сефэрти, школым сыкIуэрт». «Дауи ди фIэщ хъун?» жаIэрт. Сытыт жэуапу езбгъэтынур? «Дыкъэзыгъэщ|ам къызитагъэнщ!» япээдзыжырт.

Казармэм къедза пщIантIэм штангэ дэлъти, ар къеслъэфэкIыу щIэздзащ. Килограмм 90 хъу штангэр лъакъуэ лъэныкъуэкIэ къэсIэтырт. Армэм «щыхэкIуэдащ» си лъакъуэ сэмэгур. КъызыхэсIыхари хьэлъэ къэIэтыныр аракъым, атIэ, зэгуэр зауэ Iуэхухэм дыхуагъасэу губгъуэм дыздитым шэ цIыва къэлъатэри, лъакъуэ сэмэгум и лъэтхьэмпэм къытехуащ. Сымаджэщым сашэри, си лъакъуэр операцэ ящIащ, етIуанэуи ящIащ, сытми мы си лъакъуэр къэмышыжу сыкъэкIуэжащ, - ар и къыщIэдзэкIэт Гъуэтыжым.

БетIал армэ нэужьым и Iуэху къызэрекIуэкIами щыгъуазэ дыхуещI:

- СыкъэкIуэжа иужь, спортыр къысфIэмыIуэхуж сыхъуат. МыдэкIэ цIыхубз цIыкIу гуэр сепсалъэрти, сызэрыщIакъуэм гу зэрылъитэу зыкъыспигъэхужат. Гуауэщхьэуэ срихъуа, сытми фадэр си нэрыгъыу илъэситIыр есхьэкIащ: ныбжьэгъу схуэхъуахэр, зэрыщыту, тутнакъым къикIыжарэ лъакъуэ лъэныкъуэкIэ абы иувахэр арауэ. Апхуэдэу здекIуэкIым, пщэдджыжь гуэрым сычэфыжьыпкъэу къалэкум сыкъыщыхутащ, си нэхэр къипкIыным хуэдэу къиузыкIрэ си щхьэр фIихыу, си Iэблэхэр щIишэрэ фадэ зыузмылъхьэнкIи Iэмал имыIэу. ШхапIэм щIэтым «граммы 150-рэ сегъафэ!» жесIати, кIэнфетитI и гъусэу къызитащ. Iэгубжьэр къэсIэта къудейуэ, щхьэгъубжэмкIэ сыплъэмэ, щIалитI сцIыхуу кърокIуэ. СIэтар езгъэувэхыжри сыкъыщIэжащ. Си щытыкIэр зэрынапэтехыр зыдэсщIэжырти, щIалэхэм жаIэри зэхэсхыжыртэкъым. Си щхьэр зэрывууэ сыкъыIукIри, паркым жэщ хъухункIэ сисащ. Си гъащIэр зэрыщыту щIэспщытыкIыжащ. А псор си щхьэм щризгъажэм, «сыт сызэзыхуэр?» жысIэри, сызэупщIыжащ. Фадэми тутынми гущыкI хуэсщIати, си насыпым зыкъриIуэнтIэкIри, къыздеджауэ щыта щIалэм спортым сыдригъэхьэхыжащ. Республикэми Кавказ Ищхъэрэми щызэхашэ зэпеуэхэм сыздишэурэ, гырэ къэIэтынри щIызигъэдзэжащ.

Гъуэтыжым зи гугъу ищIхэр зыхуэзэр совет лъэхъэнэр арати, къиIуэтэжхэм сэри сфIэгъэщIэгъуэну седаIуэрт.

- Республикэм и адрей щIыпIэхэми хуэдэу, Бахъсэн къали щыдиIэт ДСО «Урожай» зи фIэщыгъэ спорт зэгухьэныгъэ, езым я фIэфIыныгъэкIэ щызэхыхьауэ. Зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну пIалъэм щыгъуазэ дыхуэзыщIри арат. СхужыIэнущ, а зэманым КъБР-м гырэ къэIэтынымкIэ щекIуэкIа зэпеуэхэм япэ увыпIэхэр зэпыу имыIэу къыщысхьауэ. Ауэрэ Кавказ Ищхъэрэм щызэхашэ зэхьэзэхуэхэми бжьыпэр щызубыду щIэздзат. 1970 - 1972 гъэхэм зи гугъу сщIы зэпеуэхэм я нэхъ гуащIэгъуэт. Иужьрейуэ сыщыхэтыжар 1983 гъэращ. Илъэс 14-кIэ сыпэрытат гырэ къэIэтынми, зэи зыри зытезгъэкIуакъым. Штангэ хъуамэ, килограмм 90-р си плIэм дэздзэрти, лъакъуэ ижьымкIэ къэсIэтырт. Сэмэгум ар хуэзэфIэкIынутэкъым, удын игъуэтахэм иужькIэ.

Спортым пищI щымыIэу къекIуэкIа БетIал ДСО «Урожай» зэгухьэныгъэм и къудамэу Бахъсэн къалэ щыIэм и цIэкIи, республикэм и Спорт комитетым къыбгъэдэкIыуи зэпеуэхэм кIуэрти, зэрыжиIауэ, текIуэныгъэхэр къыщихьырт.

- Гырэ къэIэтынымкIэ зэпеуэшхуэ Къэрэшей-Шэрджэсым щекIуэкIырт, - погуфIыкI Гъуэтыжыр. - Зэхьэзэхуэм еплъыну цIыхушхуи къызэхуэсат. Дагъыстэным къикIа щIалэ Iэчлэчыр, Iэпкълъэпкъ зэкIуж зиIэр утыкум къихьэри, гырэр зыкъомрэ къиIэтащ, Iэгуауэшхуи тращIащ. КъыкIэлъыкIуэу къэрэшей щIалэ кърашэри, Дагъыстэным къикIам хузэфIэкIам щыщIригъэгъум, стадионым исхэм, я макъым ину зрагъэIэтауэ, пабжэу щIадзащ. Iэтын щыщигъэтам Iэгуауэшхуэ къэIуащ, зи пыIэ дэзыдзеяи къахэкIащ. Чэзур къыслъысу, утыкум сэ, щIалэ къуэгъу лъахъшэ цIыкIур, сыщихьам, къыдэплъхэр зэщIэщымащ, «сыт махуэ, мо фIэкIа шэрай зимыIэм къыхуэIэтынур!» жыхуаIэу. Гырэр Iэтын щIэздзэри, дагъыстэным зэриIэта бжыгъэм щыщIезгъэгъуам къызэхуэсахэр иджыри щэхут. Къэрэшей щIалэм зэриIэтам щыщIезгъэгъум, аргуэрыжьти, псори даущыншэт, арщхьэкIэ сыщымыувыIэжыххэм, ину пабжэу щIадзащ. Зэхэсхыр джэрпэджэжу бгыхэмкIэ къиIукIырт. А макъым, джэрпэджэжым, къаруушхуэ нэхъри къысхилъхьауэ, еуэ сoIэт, еуэ сoIэт... Абдежым (си нэгу къыщIэувэжыр аращи) цIыхухэр зэщIэтэджауэ Iэгу йоуэ.

Гъуэтыж БетIал 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ щIалэгъуалэми ядэлэжьащ.

- НыбжьыщIэхэр зэрыIуэхуншэр слъагъурти, Бахъсэн бзэрым и гъунэгъуу щыт унэхэм ящыщ зым и щIыунэм, щIалэщIэ гуэр си гъусэу, пэшитI къыхэтщIыкIри, цIыхуи 150-м нэблагъэ некIуалIэ хъууэ, «Пелуан» зыфIэтща клубыщIэ къыщызэIутхащ, дзюдо, акробатикэ, гырэ къэIэтынкIэ гупжьейуэ щы щызэхэтшэри. Сэр нэмыщI, гъэсакIуэу тIу сиIэт, зэлIзэфызу, фызым акробатикэмкIэ «спортым и мастер» цIэ лъапIэр къыфIащауэ. Бахъсэн райисполкомым деж дыкъыщалъытат, накъыгъэм и 1-м ирагъэкIуэкI хабзэ парадхэм дыхашэрэ фащэу тщыгъэхэр сэ къахуэсщэхужауэ. Апхуэдизу ди гур етауэ дылажьэрти, илъэсым къриубыдэу, спортымкIэ мастерым и кандидату зырэ япэ разряд зиIэ цIыхуи 8-рэ диIэ хъуат. Гупжьеищми хэтхэр сызэрыс автобусрэ си ахъшэкIэ нэгузегъэужьыпIэхэм сшэрт! - дыщIегъу БетIал и гукъэкIыжхэм.

Гъуэтыжыр цIыху хахуэрэ псэ хьэлэлу дунейм зэрытетым и щыхьэтщ къытхуиIуэтэжахэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ПщIэрэ щIыхьрэ хуэфащэщ

1970 - 1996 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру лэжьа Бер Мухьэдин икъукIэ лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ зыпэрыта IэнатIэм. Жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ унафэщIым и нэIэ щIэтхэм япиубыдырт я къалэныр нэгъэсауэ гъэзэщIэныр, шэчыншэуи апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ республикэм и медицинэм зегъэужьари. А зэманым абы дэлэжьахэм жаIэ Берыр и къаруи, и гуащIи зэремыблэжар. Ар лэжьыгъэм зэрыпэрытам и гугъу къытхуищIыжащ Шэджэм район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Хьэгъэжей Розэ:

- ЩIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыху щэджащэхэр уигу къыщыбгъэкIыжкIэ абыхэм яхэмыхуэнкIэ Iэмал иIэкъым Бер Мухьэдин. Iэзагъышхуэ зыхэлъ унафэщIу зэрыщытаракъым узэгупсысыр, ар къулыкъу зыIыгъ куэдми ядыболъагъу, атIэ зи гугъу ищI Iуэхум фIы дыдэу хищIыкIыу, ар фIэгъэщIэгъуэну зэпкърихыу, абы и гъэзэщIэным епхауэ къэув дэтхэнэ зы упщIэми и жэуапыр зэхэхауэ къиIуатэу, гурыIуэгъуэ къыпщищIыфу зэрылэжьаращ. Къэхъуакъым ар щхьэтелъэфу Iуэхум щыбгъэдыхьаи гулъытэншэу къыщигъэнаи. Илъэсым къриубыдэу зэфIагъэкIар къыщапщытэж, гъэщIэм къапэщыт къалэнхэр щаубзыху зэIущIэхэм абы гулъытэшхуэ иритырт: хъуари мыхъуари ехьэкI хэмылъу утыку крихьэрти, щытхъу зыхуэфащэм лъигъэсырт, ныкъусаныгъэм и щхьэусыгъуэри зэхигъэкIынут. Медицинэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ ящищIахэр зэрагъэзэщIэр ткIийуэ къипщытэрт. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр си щхьэкIи згъэунэхуащ. ЗэIущIэ гуэрым щытепсэлъыхьырт зауэм хэтахэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ лэжьыгъэр зэрекIуэкIым. Район къэс а Iуэхур зэрыщагъэзэщIэм и гугъу ящIырти, Шэджэм щIыналъэм абы и лъэныкъуэкIэ щекIуэкI лэжьыгъэр къэзгъэлъэгъуащ. Ветеранхэм ящыщ зыр щыпсэум къыщыщIэупщIэм, жэуап тэмэм схуэтакъым. Абы щыгъуэм зауэм някъуэдыкъуагъэ къыхахауэ районым цIыху 40 ист. Берым къызжиIауэ щытащ районым узыншагъэр хъумэнымкIэ и унафэщIым абыхэм ящыщ дэтхэнэми сыт и лъэныкъуэкIи и Iуэху зыIутыр нэгъэсауэ ищIэн зэрыхуейр. АбыкIэ ар захуэт! Министрым абыхэм псоми я щыIэкIэпсэукIэм кууэ зыщигъэгъуазэрт, ткIийуэ къытпиубыдырт яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыныр. Апхуэдэуи сабий ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, абыхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыныр япэ иригъэщ Iуэхухэм ящыщт. Ар фIы дыдэу щыгъуазэт районхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм, абыхэм я унафэщIхэр Iуэхум зэрехъулIэм щIэх-щIэхыурэ кIэлъыплъырт. Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэмкIэ Бер Мухьэдин и унафэм щIэтхэр игъэшынэну хьэмэрэ зэфIигъэлIыкIыну аратэкъым, зыпэрытыр зыгъэгумэщI Iуэхути, ар нэгъэсауэ имыгъэзэщIэныр и напэ къыхуегъэкIунутэкъым.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм зыужьыныгъэ хъарзынэхэр ягъуэтащ: санитар транспортхэмкIэ, зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ, IэнатIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр ефIэкIуащ. А илъэсхэм республикэм и къуажэхэм цIыхухэм щыхуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъми хэпщIыкIыу хэхъуащ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм гулъытэ нэхъыбэ хуищI хъуащ къуажэ амбулаторэхэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, абыхэм яIэ хъуащ медицинэ транспортхэр, жылэхэм аптекэхэр къыщызэIуахащ. Зэман дэкIри, Нартан, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэшхуэхэм хуэдэхэм махуэ стационархэр къыщызэрагъэпэщащ. ЖыпIэнурамэ, щIыналъэм и къуажэхэм узыншагъэр хъумэн Iуэхур фIы дыдэу щызэтеубла хъуат. Абыхэм я лэжьыгъэр кIэлъыплъыныгъэ ткIийм щIэтт. Апхуэдэу УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм дохутыр амбулаторэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм, къуажэдэсхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэм я фIагъыр къахутэу республикэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм Шэджэм районым бжьыпэр щиубыдауэ щытат. Къуажэхэм IэнатIэр зэрыщефIэкIуам и зы щхьэусыгъуэхэм ящыщт щIыналъэ администрацэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ къудамэ щхьэхуэхэр къызэрыщызэрагъэпэщар.

А лъэхъэнэм республикэм и медицинэм иIа зэхъуэкIыныгъэхэр, зыужьыныгъэхэр, ехъулIэныгъэхэр зыдэлъагъупхъэри зи фIыщIэри Бер Мухьэдинщ. Унафэ пыухыкIахэр ищIыфрэ, ахэр гъэзэщIа хъуным езэш имыIэу телэжьа къулыкъущIэм а унэтIыныгъэм и Iэужь дахэ къыхинащ, пщIэрэ щIыхьри хуэфащэщ.

Нобэ республикэм и медицинэ IэнатIэм унэтIыныгъэщIэхэр иIэщ, къэрал IуэхущIапIэхэм къадэкIуэу унейхэри къэунэхуащ, я лэжьыгъэми щхьэхуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, Iэмал зэхуэмыдэхэр игъуэтащ. А IэнатIэм и ветераным къыбгъэдэкIыу республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэ псоми я лэжьакIуэхэм сохъуэхъу зыпэрыт Iуэхум ехъулIэныгъэхэр щаIэну.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Тэрчдэсхэр зыщыгуфIыкIа

«Къалэхэм псэукIэр щегъэфIэкIуэн» къэрал программэм хыхьэ лэжьыгъэфIхэр Тэрч къалэм щрагъэкIуэкI. Апхуэдэу Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ библиотекэм и гупэм деж иIэ жыг хадэ цIыкIур зэIузэпщ ящIащ. Абы къызэщIрагъэубыдащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 1400-рэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ хиубыдэу лъэс лъагъуэхэм телъа асфальтыжьыр трахыжри, плиткэхэр иралъхьащ, тетIысхьэпIэхэр, пхъэнкIий идзыпIэхэр ирагъэуващ, иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIагъэблащ, иужькIэ - къэкIыгъэ щхъуантIэхэр кърагъэтIысэкIащ, удз дахэ гъэкIыпIэхэри къыхагъэщхьэхукIыжащ.

Жыг хадэ цIыкIур зытет, Ленинымд и цIэр зезыхьэ уэрамыр 2022 гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ. Абы трагъэкIуэда мылъкур щIыналъэ гъуэгу фондым къыхэкIащ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

ХьэрычэтыщIэхэр ирагъэблэгъэнущ

КъБР-м и прокурорым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и IуэхущIапIэхэм хьэрычэтыщIэхэр щрагъэблагъэ урысейпсо махуэ ирагъэкIуэкIыныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къыдигъэкIа унафэ №68/7р-м ипкъ иткIэ мазэм и япэ гъубж къэс щрагъэблэгъэнущ республикэм и прокуратурэм и хэщIапIэм: Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 16-нэ унэм, апхуэдэуи республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я прокуратурэхэу зи хэщIапIэхэр Интернетым къыщыгъэлъэгъуахэм бизнесым и лIыкIуэхэр щрагъэблагъэ езыхэм я лэжьыгъэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ.

ПРОКУРОРХЭМ я мурадщ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм хэтхэм я хуитыныгъэхэр къызэпаудыныр къамыгъэхъуну.

ХьэрычэтыщIэхэр щрагъэблагъэ апхуэдэ зи чэзу махуэр щIыналъэм и прокуратурэм и органхэм ирагъэкIуэкIынущ 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м.

КъБР-м и прокуратурэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Гулъытэм хохъуэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм дзэм къулыкъу щызыщIэхэу сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэхэр чэзум хэмыту псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къащтащ.

«МЫ зэманым ирихьэлIэу унэ къащэхун е яухуэн папщIэ чэзум хэмыту къэралым мылъкукIэ зызыщIигъакъуэу щытар илъэси 10 е нэхъыбэкIэ дзэм къулыкъу щызыщIа, «Урысейм и ЛIыхъужь» цIэр зыхуагъэфэщахэмрэ бын куэд зиIэ адэхэмрэт. Дзэ къулыкъур езыхьэкIхэу сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэхэм апхуэдэ Iэмал яIэтэкъым. Захуагъэу къыдолъытэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр зи унагъуэм къыщыхъу сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ апхуэдэ гулъытэ ягъуэтыныр, я бынхэм тыншыпIэ яIэу псэун папщIэ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав.

Абы къыхигъэщащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ абыхэм я унагъухэмрэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуныр Урысейм и Къэрал Думэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ пэрытхэм зэращыщыр икIи жиIащ Хэкум и хъумакIуэхэм я Iыхьлыхэм зыхуэныкъуэ гулъытэр ягъуэтынымкIэ къэралым хузэфIэкI зэрищIэнум шэч къытрамыхьэми зэрыхъунур.

Хьэуа гъуэгур зэхуищIащ

Европэм и къэралхэм икIыу Китайм кIуэ кхъухьлъатэхэр ягъэмащIэ, текIуадэ мылъкур нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу. Абыхэм я авиакомпаниехэм щхьэкIэ Урысейм и хьэуа гъуэгур зэхуищIащи, абы къыщыпакIухькIэ жыжьагъым къыхохъуэ. Мы Iуэхум фейдэ къахуихьащ китай авиакомпаниехэм, абыхэм япэми хуэдэу, Урысейм и уэгум хуиту къыщалъэтыхь, абы ипкъ иткIи цIыху нэхъыбэм ар къагъэсэбэпын щIадзащ.

УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, Урысейм и щIыналъэм къызэрыпакIухьым европэ авиакомпаниехэм тхьэмахуэм доллар мелуан 37,5-рэ трагъэкIуадэ. «Finnair» авиакомпанием КНР-м игъакIуэ кхъухьлъатэхэр процент 80-кIэ игъэмэщIащ. Хельсинки икIыу Пекин тхьэмахуэм кхъухьлъатэр 42-рэ кIуэуэ щытамэ, иджы 3 лъатэу аращ. Апхуэдэ дыдэ щытыкIэм хуэкIуащ Польшэм, Германием, Скандинавием, Великобританием я авиакомпаниехэри. Пандемием ипэкIэ, 2018 гъэм еплъытмэ, Америкэмрэ Европэмрэ икIыу Китайм кIуэ кхъухьлъатэхэм я бжыгъэр процент 60-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ КНР-м ейуэ а хьэуа гъуэгуанэр зэпызычхэм процент 16-кIэ къахэхъуащ.

ЩэкIуэгъуэм и 28, *махуэку*

♦**ГущIэгъу зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыIэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ хормейстер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Бицу Юрэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Къэббалъкъремстрой» ОАО-м и унафэщI **ГъуэплъащIэ Алексей**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ Iэзэ **Шортэн Аллэ**.

♦**1963 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **ДыщэкI Мадинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къэс-къэшхыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градус 0 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 29, *мэрем*

♦**1917 гъэм** Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкIащ.

♦**1924 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ Урысейпсо Зэгухьэныгъэр.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Хьэмгъуокъу Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэгум пкIэлъей едзмэ, кIэщI мэхъу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● ГъэщIэгъуэнщ

Алыфбейр къэзыгупсысахэр

Хыкурытым и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм финикийхэр къыщыхутащ илъэс 5000-м щIигъу ипэкIэ. КъыздикIари ипэкIэ щыпсэуари зыми ищIэркъым. КъэIэпхъуахэм мыбы щаухуащ нэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщ Библ къалэр. Мыгувэу абы къыкъуэуващ Тир, Сидон жылэхэр, нэхъ иужьыIуэкIэ - цIэрыIуэу тхыдэм къыхэна Карфаген. Абыхэм щыпсэухэм псынщIэу унэхэмрэ быдапIэхэмрэ яухуэрт, я гъунэгъухэм сату дащIырт.

ФИНИКИЙХЭМ я кхъухьхэм къапэхъун а зэманым щыIакъым. Ахэр домбеякъ джыдэхэмкIэ къыхащIыкIырт Библ и гъунэгъуу щраупщIыкI кедрхэм. Пхъэ лъэпкъыфIхэр яшэрт Египетми, Мессопотамиеми. Кхъухьхэм езы Библ къагъэсырт Нубием къыщыщIаха дыщэр, Кипрым къыщащэхуа гъуаплъэр. Мыбы къакIуэрт КъуэкIыпIэм гъавэ, дыщэ, цы, IэфIыкIэхэр къизыхых махъшэхэр зыхэт чэруанхэр. Финикийхэр апхуэдизкIэ IэпщIэлъапщIэти, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм тетхыхьауэ щытащ пасэрей алыдж усакIуэ Гомер. Зи цIэ къитIуа къалэхэм я щIыхьыр апхуэдизкIэ инти, уеблэмэ, Инджылым езым и 27-нэ Iыхьэр къанэ щымыIэу триухуат ящыщ зым - Тир. Езы финикийхэр зэрызэджэжыр зыщыщ къалэм зэрихьэ цIэхэмкIэт. Финикий яфIэзыщар алыджхэрщ - япэрейхэм езыхэм я щыгъынхэр лэч плъыжьфIыцIафэхэмкIэ ираIэрт, а лэчырщ псалъэр къызытехъукIари. ИужькIэ урымхэр Карфаген щыщхэм пунийкIэ еджэу хуежьащ - Пуний зауэ щIыжаIари аращ Римрэ Карфагенрэ щызэзэуам щыгъуэ.

Тхыдэм и «адэ» Геродот къытхуеIуэтэж карфагенхэмрэ Ливием и цIыхухэмрэ сату зэдащIу зэрыщытар. Ар телъыджэщ. Япэрейхэр Iуфэм къесылIэрти, кхъухьхэм кърахырт къашахэр. Ахэр ягъэтIылъырт, кхъухьым ихьэжырти, IугъуэкIэ хъыбар кърагъащIэрт къызэрысамкIэ. Жылагъуэм щыпсэухэр Iуфэм Iухьэрти, хьэпшыпхэм еплъырт. ИужькIэ абыхэм я уасэу къалъытам пэкIуэ дыщэр ягъэтIылъырти, IукIырт. Карфагенхэр кхъухьым къикIырти, дыщэр ябжырт. Кърата уасэмкIэ арэзымэ, дыщэр къащтэрти, гъуэгу техьэжырт, ауэ мыарэзымэ, Iэнэщ1у кхъухьым ягъэзэжырт, мыдрейхэм дыщэм къыщIагъуным пэплъэу. ЩэхуакIуэхэм щIагъурт, къахуэкIуахэр арэзы хъуурэ хьэпшыпым и уасэр ящтэху. «Зы лъэныкъуэми, - етх Геродот, - адрейр къигъапцIэртэкъым. Карфагенхэр дыщэм еIусэртэкъым, абы и бжыгъэм арэзы къищIыху, Ливием и цIыхухэми хьэпшыпхэр къащтэнутэкъым дыщэр щIым щылъыху».

Финикийхэм я ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэщ алыфбейр къызэрагупсысар. Ар къыщыхъуар Тиррэ Сидонрэ лъэщу зыщаужьа лъэхъэнэрщ. Къапсэлъ макъхэр хьэрф щхьэхуэхэм ибгъэзэгъэныр, шэч хэмылъу, нэхъыфIт Египетым щызекIуэ иероглифхэмрэ. Мессопотамием къыщагъэсэбэп ятIагъуэ дамыгъэхэмрэ нэхърэ.

Дамыгъэ 22-рэ - арат финикийхэм я алыфбейр зэрыхъур. Ахэр псори макъ дэкIуашэхэт. Макъзешэхэр зэрахэмытым, дауи, нэхъ гугъу ищIырт езы тхыбзэр къагъэсэбэпыныр, ауэ ар цIэрыIуэ щыхъуащ нэгъуэщI лъэпкъхэм я дежи. ЖыпIэну ирикъунщ иужькIэ европеибзэ псоми я алыфбейхэм лъабжьэ зэрахуэхъуар.

Финикийхэм тхыгъэхэр зытратхэр папирусхэрт - ахэр Египетым къыщащэхурти, Библ къашэрт. Папирусхэмрэ Библрэ апхуэдизкIэ быдэу зэпыщIа хъуати, журт бегъымбархэм я зэхэзекIуэхэр я бзэкIэ къаIуэтэну щыхуежьэм а лэжьыгъэшхуэм къалэм и цIэр - Библие - фIащащ.

Еджагъэшхуэ зыбжанэм къалъытэ финикийхэр, уеблэмэ Америкэми нэсауэ. Ауэ абы быдэу зыри щыхьэт техъуэфынукъым: ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм тхыгъэкIэ къащIэна гуэри ди деж къэсакъым. Финикийхэм я щыIэкIа-псэукIам теухуа хъыбархэр къыщагъуэтыр Египетым и иероглифхэм я закъуэщ.

Езыхэм я гъунэгъухэм финикийхэр къащхьэщыкIырт нэгъуэщI щIыналъэхэр къазэуну, абы щыпсэухэр ягъэпщылIыну зэрыхущIэмыкъумкIэ: ахэр зыхуейр яку къыдэхъуэ къаугъэ псори мамыру зэфIахынырт. Ауэ, Iэщэ къащтэным ирахулIэмэ, зауэлI Iэзэхэу къыщIидзырт. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2-нэ Пуни зауэм и лъэхъэнэм карфаген Ганнибал и дзэм урымхэр щыхигъэщIат езыхэм я щIыналъэм.

Финикийхэм телъыджэ куэд къагъэнащ. Ахэращ япэу псалъэхэр мыхъуу, макъхэр дамыгъэхэм (хьэрфхэм) изыгъэзэгъыр. Зыужьыныгъэ лъэщым и лъабжьэр къэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ зэхуэдэ хуитыныгъэхэм тету икIи дэтхэнэми и сэбэп зыхэлъхэр къалъытэу зэдащI сатурщ. Ар илъэс мини 5 ипэкIэ къагурыIуащ зи гугъу тщIахэм, арщхьэкIэ, зэрытлъагъущи, а хабзэ къызэрыгуэкIым нобэр къыздэсым техьэфакъым дунейр. Дапщэщ политикэм хьэрэмыгъэр щыхэкIынур? Дапщэщ зым и унафэм адрейхэр щIэтын хуейуэ къэзылъытэхэр апхуэдэ мурадым къыщыпыкIынур?

А упщIэхэр кIуэдыжынут, финикийхэм пасэ дыдэу къагъэлъэгъуа щапхъэм дунейр ирикIуамэ.

Псэм и IэфIагъыр

● ЩIэблэ

Урысейр щытыкIэ гугъум хуокIуэ: къэралым сабийуэ къыщалъхуар мащIэщ. Зы цIыхубзым ику иту щыхуэзэр бын 1,4-рэщ, къет УФ-м СтатистикэмкIэ и IуэхущIапIэм. Дауи, ар ягъэзэкIуэжыну хущIокъу - зи гугъу тщIы бжыгъэр 2030 гъэм 1,6-м, 2036 гъэм - 1,8-м нэсын зэрыхуейм теухуа президент указ щыIэщ. Дэ долъагъу къэралым сабийуэ къыщалъхум хэгъэхъуэн мурадкIэ иужь зэманым ялэжьхэр. Псэуныгъэр егъэфIэкIуэным теухуа зы унафи къыдэкIыркъым «бын куэд щапI унагъуэхэр» псалъэхэр хэмыту, илъэс зыбжанэ ипэкIэ гъащIэм кууэ къыхыхьа анэ мылъкум и гугъу тщIыххэнкъыми. Сыт атIэ мы къалэныр зэфIэха щIэмыхъур? Абы и щхьэусыгъуэр къэтлъыхъуэн папщIэ деплъэкIынти нэгъуэщI къэралхэм я дежкIэ. ЗанщIэу жытIэнщи, абыхэми Iуэхур щыпщIэгъуалэкъым икIи урагъэгупсыс ар мылъкум зэремылъытам.

ЩАПХЪЭХЭР гъунэжщ. ХуэщIауэ псэу Бельгием, Инджылызым, Германием, Нидерландхэм зы цIыхубзым ику иту щыхуэзэр сабий 1,5-рэщ. Ди деж нэхърэ куэдкIэ щынэхъыбэкъым. Скандинавием и къэралхэм анэхэмрэ сабийхэмрэ гулъытэкIэ щыщIагъанэ, арщхьэкIэ а бжыгъэр 1,6-м щахуфIэгъэкIыркъым. Абыи жыжьэ уихьынукъым.

ЩытыкIэр щынэхъыфIыIуэ хуэдэщ США-м - 1,64-рэ. Ауэ ар зэ еплъыгъуэкIэщ: мыбы сабийхэм я бжыгъэм щыхэзыгъахъуэр Ипщэ Америкэм икIыу Iэпхъуахэрщ. Апхуэдэу зэрыщытынури, ахэр псэупIэщIэ яхуэхъуам хэсыхьыжыхукIэщ.

Мыбдеж динри щыкъаруушэщ. Католицизмэр щытепщэ Италиемрэ Польшэмрэ къыщалъхухэм я бжыгъэкIэ къакIэроху Евросоюзым къадыхэтхэм: зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу - 1,24-рэ, 1,28-рэ.

Тыркум и цIыхубзхэр иужь илъэсипщIхэм лэжьыгъэм дихьэхащ, бын зрагъэгъуэт нэхърэ куэдым нэхъ къащтэ къулыкъущIапIэхэм щIэсыныр. Абыхэм ящыщ зым 2002 гъэм сабии 2,11-рэ яхуэзэу щытамэ, 2022 гъэм зэрыхъужыр 1,62-рэщ. Сабий нэхъ мащIэ дыдэ къыщалъхур Истамбыл зыкъизыхырщ. ЩытыкIэр ирагъэфIэкIуэж къэралым и щIыпIэ пхыдзахэм щыпсэухэм.

Ауэ псом нэхърэ зи Iуэхур нэхъ хэплъэгъуэр ди гъунэгъу икIи фIыуэ дызыхущыт Китайрщ. Иджыблагъэ газетхэм ягъэвуващ зы хъыбар: китай щIалэхэм нэгъуэщI къэралхэм къыщалъыхъуэ къашэнухэр. Урысей хъыджэбзхэр нэхъ къащтэу жаIэ: ахэр хьэлкIэ езэгъынхэу къалъытэ... Сыт къэхъуар? Акъылыншагъэ политикэм и щIопщ бзаджэр къалъэIэсауэ аращ. НаIуэу зэрыщытщи, илъэс зыкъомкIэ КНР-м унагъуэхэр хуит щащIакъым зы бын нэхърэ нэхъыбэ яIэну. Къуэншахэм тезыр тралъхьэрт. ХэкIыпIэншэ унагъуэхэм я нэхъыбэ дыдэм къызыхуагъанэр щIалэ цIыкIуххэрт, жьы хъумэ, къадэIэпыкъункIэ щыгугъыу. Илъэс 35-рэ дэкIа иужь зи гугъу тщIа политикэр якъутэжащ, иджы бынищи яIэ хъунущ, ауэ зэсам къытекIыгъуейщ: Китайр ящыщщ цIыхубзхэм нэхърэ цIыхухъухэр щынэхъыбэ къэралхэм. Аращ зи ныбжьыр илъэс 40-м щхьэдэха куэд щIэщхьэгъусэншэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. Абы щIыгъуж нэгъуэщI къызэрыгуэкIхэри.

Сабийуэ къыщалъхум и бжыгъэмкIэ - 1,24-рэ - КНР-р нэхъ пхыхуахэм ящыщщ.

Сыт щыгъуи хуэдэу къалъхухэм я бжыгъэмкIэ япэ итщ Африкэр. Мис а уэздыгъи, медицини здэщымыIэ, ерыскъыкIи гугъу ехь континентыр. Дэ псоми я гугъу тхуэщIынкъым, ауэ къэдгъэлъэгъуэнщ Нигерым, Сомалим, Чадым зы цIыхубзым ику иту сабии 7 зэрыщыхуэзэр. ИкIи абыхэм ящыщу зыри егупсысыркъым ахэр пIа, къызэфIэгъэува зэрыхъунум. Ирагъэджэнуи IэщIагъэ ирагъэгъуэтынуи я пщэ къыдэхуэркъым, ауэ икIи щытегузэвыхьыркъым лъэпкъыр къызэтенэным.

СлIожь атIэ, цIыхубзхэр Iуэхуншэ щIауэ, къызыхуигъэщIам - лъхуэн-пIэнымрэ унагъуэр зехьэнымрэ - хуэгъэкIуэжын хуейуэ ара?

ФымыгъэщIагъуэ, апхуэдэу егупсысхэр яхэтщ, уеблэмэ, зыкъизых американхэми европейхэми. Хэбгъэзыхьмэ, УФ-м и Къэрал Думэм щыбгъуэтынущ апхуэдэу къэзылъытэхэр.

Ауэ абыкIэ арэзы хъуну езы цIыхубзхэр? Хуей ахэр къызыхэкIа кIыфIыгъэм хыхьэжыну? Дауи, хуейкъым икIи пхухыхьэжынукъым. Мис аращ мыбдеж псори щызэрагъэкIуэн щIыхуейр. Iэмал куэдыкIей щыIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, япэщIыкIэ лэжьэгъуэ махуи 4-м, иужькIэ махуи 3-м хуэкIуэныр. ИтIанэ цIыхубзым, зэрыгурыIуэгъуэщи, зэман нэхъыбэ иIэнущ и унагъуэмрэ сабийхэмрэ яхухихыну.

Сабий упIыным къару куэд токIуадэ, абы уи нэIэ тебгъэтын хуейщ балигъ хъухукIэ, зыри къыпэмыкIуэжынри Iуэхум хэлъщ. Ауэ ар зэрагъасэм елъытащ. Сабийм зыхищIэн хуейщ къэзылъхуахэм къапкърыкI хуабагъыр. ИтIанэ къаритынущ и псэм и IэфIагъыр. Мис аращ къэтхьа бжыгъэ, зэгъэпщэныгъэ гъущэхэм я щIыбагъ къыдэтыр.

● IэщIагъэ

ЦIыхухэр зыхуэарэзы дохутыр

Бахъсэн щIыналъэм щыщ Ислъэмей къуажэм щыпсэу Къардэн Мухьэмэд куэд щIауэ ди газетым къыдолажьэ. Абы и тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар лэжьакIуэхэрщ: зи IэнатIэм псэ къабзэ-гу къабзэкIэ бгъэдэтхэрщ, зи щIэныгъэ, зэфIэкI, гуащIэ абы хэзылъхьэхэрщ, цIыхухэм фIыуэ ялъагъухэрщ, пщIэ зыхуащIхэрщ. Апхуэдэ дохутыр бзылъхугъэм теухуащ тхьэмадэм и нобэрей очеркыр.

ЦIЫХУР къалъхуркъым хьэл-щэн дахэ хэлъу. Iэмал имыIэу зыхуеину фIыгъуэхэр езым хуэм-хуэмурэ зэрегъэпщыж. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зыхэт гупми, ауэ нэхъыщхьэр, дауи щрети, езы цIыхурщ. Язынықъуэхэр толъкъуным тесу йосых, сэ сыапхуэдэщ, апхуэдэуи сызыхэфщIэ, жыхуаIэу. Ауэ щыIэщ нэгъуэщI цIыхухэри, щIыхь хуумыщIынкIэ Iэмал имыIэу. Апхуэдэхэм я гъащIэр ефIакIуэ защIэу макIуэ. Зеикъуэ поликлиникэм терапевт-пульмонологыу, езанэ категорие зиIэ дохутыру щылажьэ Ажахъуэ Оксанэ Мусэбий и пхъур абыхэм ящыщщ. Абы и лэжьыгъэр къызэрыгуэкIкъым, цIыхухэм я узыншагъэм епхащ.

Оксанэ зэрыцIыкIурэ зыхуэмыарэзыжу, нэхъыфIым хущIэкъуу къэхъуащ. Иджыри школым щIэсу дохутыр IэщIагъэм дихьэхащ, балигъ зэрыхъууи абы хуеджащ. Пэжщ, нэгъуэщI IэщIагъэми щIэхъуэпсу щыщыта зэмани щыIащ, ауэ а IэщIагъэхэм и гъащIэр тригъэкIуэдэн папщIэ зыхуей псори езым бгъэдэлъу къилъытакъым. ИкIи щыуакъым - медицинэм дихьэхащ. Зэреджэм хуэдэурэ, тхьэмахуэ махуэхэм ар щылажьэрт сымаджэщым, IэщIагъэм нэхъ кууэ зыхигъэгъуэзэну хуейуэ.

Университетыр къиуха иужькIэ Ажахъуэр Зеикъуэ къуажэм дэт сымаджэщым ягъэкIуащ.

Мис иджы сэри Зеикъуэ поликлиникэм сыкIуащ, «Ар дохутыр хъуауэ аракъым, дохутыру къалъхуащ», зыхужаIэ Ажахъуэ Оксанэ МуIэед и пхъум теухуа очерк стхыну. Абы и кабинетыбжэм деж щызэхуэса сымаджэхэм дохутырым хужаIэм щэхуу седэIуащ. ЖаIэрт зэрыхьэлэлыр, псэ щабэу, гулъытэ, гудзакъэ иIэу зэрыщытыр.

Сымаджэм зэрепсэлъэн, зэрыбгъэдыхьэн хуей щIыкIэхэм мыхьэнэшхуэ иIэу къелъытэ Оксанэ. Гукъыдэмыжыр тэмакъкIэщI, зыгъэгусэрей, гурыщхъуэщI мэхъу. Ауэ абыхэм ябгъэдэт дохутырыр къэгубжь хъунукъым, шыIэныгъэ хэлъын хуейщ: Оксанэ апхуэдэщ.

... Илъэс куэдкIэ зэтрихьа узхэр къэятэжри, сымаджэ сыхъуащ. КъысхуэкIухьыжыртэкъым, си лъакъуэхэр бэгат, килограмм 80-м сыщIигъуу щытами, си хьэлъагъыр 60-м нэсат, си напIэр къехуэхат, си нэхэр кIуэри, аддэ итIысхьэжат. УЗИ, КТ сащIат, силъри къезгъэпщытат, зэманкIи хущхъуэ зэсхьэлIат, ауэ узыр скIэрыхуакъым. Шынэм, пIейтейм, гузавэм сиубыдащ. Хэт щыIэ къыздэIэпыкъуну, фIэщхъуныгъэ къысхилъхьэну? Дауи, си благъэхэм, си ныбжьэгъухэм, ауэ абыхэм гугъапIэ къуатри, аргуэру уи закъуэ укъонэ, гузавэр уи гъусэу. Сыт хуэдэу щымытми, щыIэщ, зэрыIэзэм къыдэкIуэу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ дохутырхэр.

Ар си гугъапIэу, Налшык къалэм дэт сымаджэщым сыщIэгъуэлъхьащ. Махуэ пщыкIузкIэ сыщIэлъащ, хущхъуэхэр къызахьэлIэу: зыри къикIакъым. Зыгуэр къысхуащIэну сыщыгугъами, нэхъ Iеиж сыхъуауэ сыкъыщIэкIыжащ. Махуэ зытIу дэкIауэ, Зеикъуэ поликлиникэм щыIэ Ажахъуэ Оксанэ деж сашащ. СщIэркъым сызэрыхъуар, ауэ абы и нэгу зэлъыIухам сызэриплъэу, зэуэ гугъэ къызитыжащ.

- Умыгузавэ, ухъужынущ, дадэ, - жиIащ Оксанэ.

Схуитхахэр махуэ зыбжанэкIэ зэсхьэлIауэ арат, модрей сымаджэщым «къыщыскIэрыпщIа» узыфэхэр щыскIэрыхуам. Си лъакъуэхэр тIысыжащ, жейм сезэгъыжащ, си хьэлъагъми къыщIигъужащ. Япэм къысхуэмыкIухьу щытамэ, иджы километритIыр къэзгъэIурыщIэжащ. Си гум жьы дихужащ, рулыр

сIыгъыу машинэкIэ къызожыхьыф.

Терапевту куэд щIауэ ирилажьэ, Зеикъуэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Светланэрэ поликлиникэм и унафэщI Къалмыкъ Iэуесрэ къыдэIэпыкъуащ дохутыр ныбжьыщIэм лэжьэн щыщIидзам. Ари гуапэу игу илъщ Оксанэ.

Ажахъуэр махуэ къэс еIэзэн хуей мэхъу псэзэпылъхьэпIэм ихуа сымаджэ хьэлъэ дыдэхэм икIи апхуэдэхэм деж къыпщохъу и IэщIагъэр езым къыхимыхауэ, атIэ а IэщIагъэм ар езыр къыхихауэ. «Ди деж нэхъыбэу къашэхэр е лIэн, е псэун, а тIум нэмыщI нэгъуэщI хэкIыпIэ къызыхуэмынэжахэрщ, зи ныбжь хэкIуэтахэрщ. Абы щыгъуэми, а щытыкIитIыр зэман кIэщI дыдэм зэхэкIын хуейщ. УатеплъэкъукIмэ, пIэщIэкIынущ, ауэ уахуэмыбэлэрыгъмэ - къыпхуегъэлынущ», - куэдрэ игу къегъэкIыж Оксанэ и лэжьэгъу нэхъыжь гуэрым къыжриIауэ щыта псалъэхэр.

... Пщэдджыжьдыгъэпсырпсэмгуапэукъопэщэщ. Бжэндэхъухэм зэпеуэу гуфIэгъуэ уэрэд къраш. Дыгъэр зытепсэ псыежэххэр мэлыд. АдэкIэ уплъэмэ, макъ ин ищIу бгым и лъащIэм Бахъсэныжьыр щIокIуэсыкI. Удз зэщIэгъэгъахэм щIагъэна Къызбрун бгыр алэрыбгъум иным къыхоплъ. Оксанэ етIуанэ къатым къыщыпэплъэ и сымаджэхэм я деж пIащIэу макIуэ.

Абы и деж къакIуэ сымаджэхэр куэд мэхъу. Абыхэм имыцIыху яхэткъым, къыщицIыхуа зэманри щхьэусыгъуэри ещIэж, къеузри къыбжиIэфынущ. Дохутырыр набдзэгудзаплъэщ, сакъщ. Дэтхэнэ сымаджэми гумызагъэу йоплъ, и блокнотым зыгуэрхэр иретхэ, хущхъуэщIэхэр яхуетх.

Оксанэ къызэралъагъуу цIыхухэр пIейтей хъуащ. «Хэт япэ итыр? Сымаджэ хьэлъэ, зи ныбжь хэкIуэта щыIэмэ, япэ фыкъыщIыхьэ!» - жиIэри и пэшым щIэбэкъуащ. СтIолым телъ тхылъымпIэхэм ящыщ зы къищтэри, япэ къыщIыхьа цIыхухъум хуэгуфIащ.

КъыщIыхьар къуажэдэс лIыжьщ. «Си гуапэщ, Хьэжмухьэмэд, уи фэхэр фIыщ, уи бэуэкIэри нэхъ зэтеувэжащ», - жеIэ дохутырым, абы еплъа нэужь.

«СыIейкъым иджыпстукIэ, си гугъакъым тэмэму сыбауэ сыхъужыну, си лъакъуэкIэ къэскIухьыжыфыну», - къыпидзащ лIыжьым.

Куба къуажэм нэс къикIащ фызыжь дыдэ, дохутырыр иджыри зригъэплъыну, зэригъэхъужам щхьэкIи фIыщIэ хуищIыну.

ЦIыху зэблэкIыр пщыхьэщхьэ хъуххукIэ увыIэркъым.

Абы игъэхъужахэр куэд мэхъу. «Хъарзынэщ, и къалэныр игъэзэщIащ», жаIэу ежьэжыркъым ар зэIэзахэр. Ахэр куэдрэ телефонкIэ къыщIоупщIэ, къакIуэхэри мащIэкъым. Апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIым куэд къыбжеIэ. «Дэ абы ди ОксанэкIэ доджэ», - жаIэ сымаджэхэм.

Сымаджэ ущыхъунур къыпхуэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Зи къару илъыгъуэ дыдэри абы къыхигъэзыхьынри зыхуэIуа щыIэкъым. Уащхъуэдэмыщхъуэу узыр тыншу къыпхуэкIуэ щхьэкIэ, кIуэжыгъуафIэкъым ар. Апхуэдэ гузэвэгъуэхэм деж Ажахъуэ Оксанэ хуэдэ дохутырыфI урихьэлIэныр куэд и уасэщ.

«Дохутырхэр йосэж лъыри гузэвэгъуэри къафIэмыIуэхуу», - апхуэдэу жаIэу куэдрэ зэхыдох. Ди жагъуэ зэрыхъущи, медицинэм и лэжьакIуэхэм къащыхэкI щыIэщ «гущIэгъу» псалъэм пщIэ хуэзымыщI. Ауэ Оксанэ и лэжьыгъэм щигъэнэхъыщхьэхэм ящыщщ ар. Абы нэгъуэщIым и гуауэр псэкIэ зыхищIэу апхуэдэщ.

Махуэ псом илъэгъуахэр къызэщIэзыкъуэж гупсысэм занщIэу зыкъыхуIэщIэхыжыркъым. ИужькIэ мащIэ-мащIэу, пакIэ-пакIэурэ ар лъэныкъуэ йозри и лъэр жану щIэзыгъэкI и унагъуэм бжьыпэр еубыд. Зи лэжьыгъэр хьэлэлу къезыхьэкIа цIыхубзыр и кабинетым къыщIэкIыжри, я унэ кIуэжыну уэрамым къыдыхьащ. Пщыхьэщхьэщ. Дунейм зегъэщIыIэтыIэ. Зи къалэнхэмрэ зи мурадыфIхэмрэ зэщIэзыгъэуIуэу махуэр езыхьэкIа къуажэр нэжэгужэу Iэуэлъауэщ. А цIыху къомым ящыщ зыщ Ажахъуэ Оксани. Ауэ сытми къызэрымыкIуэу насыпыфIэу зызыбжыж Оксанэщ ар.

Пэж дыдэуи, насыпыфIэщ Ажахъуэр. Мы дунейм тет-тIэ, гузэвэгъуэр зи псэм телъым удэIэпыкъуным нэхърэ нэхъ насып. Темыту къысщохъу. Ар ещIэ езы дохутырми. ЕщIэж, икIи жыIэн хуейщ нобэ фэдгъэцIыхуа Ажахъуэ Оксани и насыпыр хьэзыру зыми и куэщI къызэрыримылъхьэр. АтIэ, ар гугъуехьымрэ псэ хьэлэлымрэ я Iэужь телъыджэщ. Оксанэ сэбэп зыхуэхъуа цIыху зыдэмыс зы къуажи иту къыщIэкIынкъым районым.

Оксанэ игъэхъужауэ сэ сызэпсэлъахэм ящыщщ Ислъэмей щыпсэу ХьэцIыкIу Барэсбии. «Оксанэ езым хуэдиз дыщэ нэхърэ нэхъыфIщ, ар дохутыр нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщщ, жыпIэмэ, ущыуэнкъым. Алыхьталэр фIыкIэ къыхуэупсауэ къызолъытэ. Сэ абы дуней зэрызигъэлъагъужар зэи сщыгъупщэнукъым», - жеIэ тхьэмадэм.

Дэтхэнэ зы цIыхуми езым иIэжщ гъащIэр къызэрилъытэ пщалъэ. Ажахъуэ Оксанэ блэкIа илъэсхэр къызэрибжыр узым къыIэщIиха цIыхухэм я бжыгъэмкIэщ.

- ЗэхущытыкIэ къабзэр хъумэн, цIыхум пщIэ хуэщIын, лэжьыгъэр тэмэму ехьэкIын, - къыжриIауэ щыташ абы лэжьэн щыщIидзам Зеикъуэ дэт район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Светланэ. ИкIи, а псалъэхэр нобэр къыздэсым гуапэу и гум илъщ.

«Лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуныр псом ящхьэщ. А лъагъуныгъэр уимыIэмэ, дохутыри, агрономи, академики, мэкъумэшыщIи ухъунукъым. Зи лэжьыгъэр зыфIэмыIэфIыр лажьэркъым. Апхуэдэу бгъакIуэ зэманыр гъащIэкъым», - жеIэ дохутыр гумызагъэм. Ажахъуэм игури, и псэри, и къарури лэжьыгъэм, цIыхум ярет. Лэжьыгъэ нэмысыр ткIийуэ иIыгъщ, цIыху пэжщ.

... Мис, ныщхьэби Оксанэ лэжьапIэм щIэкIыжащ, зигъэпсэхуну игу илъу. Ауэ абы къыпэщылъыр хэт ищIэн? Ар зэпхар нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэрщ - цIыхум и псэрщ. ИкIи и дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу къеджэ дэтхэнэми и гъащIэр псэзэпылъхьэпIэм къришын папщIэ абы лъэкI къызэримыгъэнэнур хьэкъщ. Ар жэщыбг е нэхущ ирехъу - и гур абы теухуащ. Я насыпщ апхуэдэ анэ зыхуэкIуэж бынхэм, апхуэдэ нысэ зыхэс лъэпкъым.

Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.



ЦIэимыIуэ

Хъыбар

Бжьыхьэт. Дыгъэ бзийхэр псэм фIэфI щыхъуа зэмант. Сэ си адэм сригъусэу ди куэбжэпэм Iут тетIысхьэпIэм сытест. Ауэрэ ипщэкIэ къехыу къэтлъэгъуащ зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ. Къэсщ, сэлам къыдахри блэкIащ. ЛIым къыджиIащ: «Псыхуабэ докIуэ щыгъын хуабэ къэтщэхуну. ЩIыIэм зиIэжьэнукъым».

Сэ сехъуэпсащ: Балъкъ зэрызэпрыкIыу Марьинскэ станицэм автобусышхуэм щитIысхьэнурэ, сыт щыгъуи ди нэр къызыхуикI къалэм нэсынущ, Iэджэ ялъагъунущ, морожнэ яшхынущ...

АрщхьэкIэ къызыхэкIар дымыщIэу кIэщIу къагъэзэжащ. КъытхуэзанщIэ щыхъум цIыхухъум жагъуэ-жагъуэу къызыпхидзащ: «ЦIэимыIуэ дыхуэзащ!»

- Алыхь, къызэрилъагъуу, къигъэкIэрэхъуам, сыпэмылъэщу. Къигъуэтащ щхьэусыгъуэ. Тхьэм ещIэ дэ иджы аргуэру зыщитчын... - Тхьэусыхэрт фызыр.

Си адэм зыри жиIакъым. Сэ зэхэсхат а лIыжьым хужаIахэр. Абы урихьэлIауэ, зыри къомыхъулIэну, гуемыIу къыпщыщIыну ягъэхъыбарырт. ЩапхъэхэмкIи ягъэбатэрт. Апхуэдэуи теIукIыныр ауэ сытми къэхъуатэкъым.

ЯIуэтэжырт зэгуэр зы пщIантIэ дыхьауэ джэдджьей гуп игу зэрырихьар: «Сыту дахащэ мыхэр». Нэху къекIат плIыщI хъу ширхэр къанэ щымыIэу зэтелIауэ. ЯщыгъупщэжыртэкЪым станицэм къикIыжу псым лъэмыж тралъхьэу зэрырихьэлIари. ПхъащIэхэм иужьрей гъущIунэхэр хаукIэрт. АтIэ сыт? КъикIри: «Лъэмыж дэгъуэ тефлъхьащ, Тхьэм угъурлы ищI» зэрыжиIэу, лъэмыж хьэзырыр тIууэ зэпыщIыкIат. Псышхуэм хэхуа ухуакIуэхэр хэт езыр-езыру къыхэкIыжат, хэти къыхахыжат (а зэманым Балъкъ инт икIи уэрт). Хэбгъэзыхьмэ, тхьэ щаIуэжырт Милевскэ щхьэлым дамыгъэхьэжу: Къызэралъагъуу «Злой старик едет!». жаIэурэ, зэрыгъэкIийрти, щхьэлтетым шыгу къыпригъажьэрт, гуэдзыр иригъашэрти, хьэжыгъэр къыхудигъэшыжырт. Мызэ-мытIэу ягъэунэхуакIэт ар зэрынэсу щхьэлыр зэрыкъутэр.

Пэжи пцIыи, ауэ апхуэдэ щIыкIэкIэ цIэрыIуэ хъуат шыдыгум имыкIыу гъэми щIыми къэзыкIухь лIыжьыр, жыжьэу ялъагъумэ, дадзыхырт, зыпэщIамыгъэхуэну. Уеблэмэ, и цIэр жамыIэу, «ЦIэимыIуэ» фIащат!

Иджы къывгурыIуауэ къыщIэкIынщ зи гугъу тщIа зэлIэзфызым къыщIагъэзэжам и щхьэусыгъуэр. Ауэ абы щыгъуэм класс курытхэм щеджэ дэ ди материалист Iуэху еплъыкIэр «зэфIэувати», Iэзэ-гъуазэхэри, «нэ тригъэхуащ», «тебгащ», нэгъуэщI псалъэхэми къарыкIхэр къытфIэIуэхутэкъым. Пэжу, а лIыжьым дыхуэзэнуи тфIэфIтэкъым.

ЕджапIэр къэзуха иужь пIалъэ кIэщIкIэ колхозым и ухуакIуэ бригадэм сыщылэжьащ. Псыхъуэм мывэкIэщхъ къыдэтшырт, арат ди къалэнри. Апхуэдэхэм деж зэрыхъущи, зы щIалэ къытхэтт пщэдджыжькIэ нэхъ зыужьыгъуейуэ. Нышэдиби арат. Псори машинэм дитт, ар къыдэкIыным дыпэплъэу. Зэуэ тщыщ зыр кIиящ: «ЦIэимыIуэ къокIуэ!» Дыплъэри, дыхьэпIэм къытехьат и шыдыгур.

- Сыту фIыт, нобэ дылэжьэнукъым.

- СлIоу, Балъкъ мывэ дэмылъыжыну ара?

- Еплъыт-тIэ.

Апхуэдэ гуэрхэр зэпадзыжыху, шыдыгур къэсри, блэкIащ, дызэжьэ щIалэри, къыдэкIри, къытхэуващ.

ЗэкIэ псори хъарзынэ хуэдэурэ екIуэкIырт, ауэ, хьэлэмэтыракъэ, шоферым автомашинэр... хущIэнэжыркъым. Ар шхыдэ-хъуанэурэ зыгуэрхэм епщэщащ. Ауэ сэ абы и нэхэм бзаджагъэ гъэпщкIуа щIэслъэгъуащ!

- СлIожь, хъарзынэщ. Машинэр къутащи, нобэ дылэжьэнукъым.. Си къунтххэр къэтщтэнщи, бдзэжьеящэ дыкIуэнщ. Сэ сощIэ ещапIэфI,- абы зэхихыу жесIащ сэ нэхъ си ныбжьэгъуIуэу гупым хэтым. Адрейхэми загъэхьэзыращ зэбгрыкIыжыну.

Шоферыр къэгузэващ хэпщIыкIыу: дэ ерагъкIэ дызэщIагъэуIуэ къудейт икIи дызэбгрыкIыжыну дыхьэзырт, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи. Ар абы къыхуамыгъэгъунт: мывэкIэщхъ ямыIэмэ, бетон зэхэзыщIэхэри лэжьэнутэкъым.

- Сыт щхьэ вгъэузыр? Мыбы къыщыщIар зы мыхьэнэншэщ. Иджыпсту дежьэжынущ!

ЗэрыжиIауи, дакъикъэ-дакъикъитI нэхъ дэмыкIыу щIэнэжащ. Сэ сигу къэкIар пэжу къыщIэкIащ: тригъалэу иIуэтэжын мурадкIэ шоферыр хьилагъэ хуекIуат.

Абдеж сигу къэкIыжащ илъэситI ипэкIэ къысщыщIауэ щытар. Еянэ классыр къэзухыу экзаменхэр ттырт. Япэр урысыбзэт. Сыт и лъэныкъуэкIи сыхуэхьэзыру сыщIыхьащ, хъарзынэу жэуапхэри стащ, арщхьэкIэ зы щIыпIэ и деж сыщылъэпэрэпащ.

- Iэтэр Iэмбатэ щхьэкIэ богъэфыж, гупсысэ, - сыхигъэзыхьырт си егъэджакIуэм, арщхьэкIэ асыхьэтым сIэщIэхуат.

«ПлIы» схуагъэуваъэ сыкъыщIэкIыжащ. Ар апхуэдизкIэ си гум щIыхьати, сыгъыным хуэдэт. Уэрамым сыкъыдыхьэжауэ зи гугъу фхуэсщIа шыдыгур къызолъагъу, езы лIыжьыр ису. «СлIо, иджы ухуеихукIэ къысхуэзэ, зыри къызэпщIэфынукъым», - апхуэдэу сегупсысурэ сокIуэ. АдэкIэ къэхъуар телъыджэщ: метр зытхух нэхъ сымычу си щхьэ куцIым уафэхъуэпскI хэлъэтащ: къэсщIэжащ сщыгъупщар. Псынщ1эу къэзгъэкIэрахъуэри, жэрыгъэкIэ классым сыщIэлъэдэжащ: «КъэсщIэжащ, къэсщIэжащ!»

Экзаменыр тIызыххэм япэщIыкIэ къагурыIуакъым къэхъуар, ауэ къащыгурыIуэм зэщIэдыхьэшхащ «КIасэIуэ хъуащ», - жиIащ зым. Сызэрыхьэрэмыгъэншэр ищIэрти, адрейр хущIэкъуащ сызытриуIэфIэну. «КъэпщIэжамэ, хъарзынэщ. Уи щхьэм илъырщ уи гъуэмылэр. Оценкэр зыми ищIыскъым».

ИужькIэ илъэс куэдкIэ къызэупщIахэщ: «Сыт жыпIэу ущIыхьэжат экзаменым?» Езыхэм зэрызэхахам хуэдэу къаIуэтэжырт. Ауэ сэ сынагъэсыртэкъым сщыгъупщэжар къызэрысщIэжа щIыкIэм - ар апхуэдэу гъэщIэгъуэнтэкъым.

Ауэ абы иужькIэ схужыIэнут сэ ЦIэимыIуэ угъурсызу? Сэ зы махуи шэч къытесхьакъым абы кIэралъхьа псори трагъэIукIауэ зэрыщытым. «Нэ бзаджэ иIэщ», «Нэ тригъэхуащ», «И ней щыхуащ» - апхуэдэу жаIэхэм лъабжьэ гуэри яIэкъым, «Мобы ухуэзамэ, ущIэкIуэр къохъулIэнукъым» жыхуаIэхэми хуэдэу..

Сэ а псори къыщIэсIуэтэжыр ахэр зи фIэщ хъу цIыхухэр мы зэманым мымащIэу щыIэщи аращ. Урысейм щыпсэухэм я процент 30-м щIигъум этозерикэр (Iэзэ-гъуазэхэр, удыгъэхэр, нэгъуэщIхэр) я фIэщ мэхъу икIи абыхэм ахъшэшхуэ трагъэкIуадэ. АрщхьэкIэ, уакIуэцIрыплъыкIмэ, псори пцIырыпцIу къыщIедз.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.



Бицу зэкъуэшхэу Георгий, Бабий, Юрэ *(щысхэщ)*, Александррэ Анатолэрэ *(щытщ)*.

IэщIагъэм къыхуигъэщIам и зэфIэкI

Бицу Юрэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу Музыкэ къэрал театрым и хормейстр нэхъыщхьэ къулыкъум илъэс куэдкIэ пэрыта, профессор, республикэм и музыкэ гъуазджэр зэфIэувэным хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIа, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Урысей Профсоюз зэгухьэныгъэм и Комитет нэхъыщхьэм и президиумым, Украинэм и КП-м и Винницкэ обкомым я щIыхь тхылъхэр, «Музыкэ театрхэм я спектаклхэм я урысейпсо фестивалым щиIэ ехъулIэныгъэм папщIэ» дипломым и япэ нагъыщэр, «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалыр, фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ зыхуагъэфэща Бицу Юрэ къызэралъхурэ щэкIуэгъуэм и 28-м илъэс 85-рэ ирокъу.

ЛIЭУЖЬЫР бжьиблкIэ мауэ, жыхуаIэрации, Юрэ и адэ Мурат хьэгъуэлIыгъуэхэми ныбжьэгъухэмрэ благъэхэмрэ я зэхэсхэми цIыхубэ уэрэдыжьхэр екIуу щигъэзащIэрт, Iэнэм пэрысхэм ягу дыхьэу. И анэ Гуащэгъагъ адыгэ пшынэр дахэу игъэбзэрабзэу щытащ. Дауи, и адэ-анэрац макъамэм ар дезыгъэхьэхауэ къилъытэр. Классикэ музыкэр зищIысыр имыщIэми, радиом Моцартрэ Бетховенрэ я макъамэхэр къыщиткIэ темэхауэ едаIуэрт. Курыт еджапIэм и самодеятельностым жыджэру хэтт, уэрэдхэр жиIэн, пластинкэхэм едэIуэн фIэфIт. ЕджапIэр къаухын гъунэгъу хъуауэ, я егъэджакIуэр къахэупщIыхьырт хэт сыт хуэдэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыну щIэхъуэпсми. Абы ирихьэлIэу радиом къит макъамэ дахэм апхуэдизкIэ Юрэ итхьэкъуати, и тхьэкIумэр тегъэхуауэ едаIуэрт, егъэджакIуэмрэ и классэгъухэмрэ жаIэр зэхимыхыу. ЗэрытегупсысыкIам гу лъызыта егъэджакIуэр набдзэгубдзаплъэу къеплъри: «Бицум къыхиха IэщIагъэр жэуапыншэуи гурыIуэгъуэщ!», - жиIат.

1957 гъэм, курыт еджапIэ нэужьым, зыми ямыщIэу, Жылокъуэ Мухьэмэдин и чэнджэщкIэ, Налшык и Музыкэ училищэм и дирижёр-хор къудамэм щIэтIысхьащ, нотэр зищIысыр имыщIэу. И насып кърихьэкIри, егъэджакIуэфIхэм - Хьэсанэ Мусэ, Пахомов Николай, КIуэкIуэ Майе сымэ - япэщIэхуащ. ИлъэсиплIкIэ абы щеджащ икIи музыкэ щIэныгъэ иIэ зэрыхъуамрэ макъамэ гъуазджэр нэхъыфIыжу зэрилъэгъуамрэ зи фIыщIэр ахэращ. 1961 гъэм къэралым и гъуазджэ еджапIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къалъытэм - Москва Гнесинхэм я музыкэ-педагогикэ институтым - и щIэныгъэм щыпищащ. Москва къалэр, институтыр, Театр иным и спектаклхэр, Станиславскэмрэ Немирович-Данченкэмрэ я цIэр зезыхьэ музыкэ театрымрэ опереттэмкIэ театрымрэ я лэжьыгъэхэр куэдкIэ къыхуэщхьэпащ. УэрэджыIакIуэ гуп нэхъыфIхэм я концертхэм кIуэрт, хорым и лэжьакIуэхэм яIущIэрт, абыхэм я дерсхэм зригъэхьэлIэрт, ечэнджэщынуи фIэфIт. Урыс, европей хор гъуазджэм кууэ зыщигъэгъуэзащ.

И диплом лэжьыгъэр адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэрщ зытриухуар. Абы щыщIидзащ лъэпкъ уэрэдыжьхэр зэхуэхьэсыжынымрэ абыхэм яхэлэжьыхьыжынымрэ. Адыгэ уэрэдхэм я ежьухэмрэ я художественнэ мыхьэнэхэмрэ, абыхэм къаIуатэмрэ зэрызауэжьымрэ джыным дахьэхащ икIи къалэн зыщищIыжащ адыгэ уэрэдхэм ябгъэдэлъ дахагъэр, я Iуклэр хъумэным, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, хэлъхьэныгъэ хуищIыну. Къапщтэмэ, «Мэлыхъуэм и гъыбзэ» уэрэдыжьыр и анэм жиIэу итхыжащ икIи ар и фэеплъ хуищIащ. Уэрэдыр зригъэзэхуэжат, хорым хэтхэм ягъэзэщIэфын хуэдэу.

1967 гъэм Москва къикIыжри, щыщеджа Музыкэ училищэм егъэджакIуэ лэжьыгъэм щыпэрыхьэжащ. Макъамэ IэщIагъэ зэзыгъэгъуэт щIалэгъуалэр къыхуриджэрт щалъхуа щIыпIэр фIыуэ ялъагъуну, лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ ахэр зэрыдригъэхьэхыным хущIэкъурт. Егъэджакlуэм дэплъей еджакIуэхэм ар я щапхъэщ, гъащIэм и лъапIэныгъэу къилъытэхэр яфIэгъэщIэгъуэнщ.

1968 гъэм мазаем и 28-м Музыкэ къэрал театрыр къызэIуахащ икIи абы и балетыр илъэсрэ ныкъуэкIэ лэжьауэ, 1969 гъэм IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм къыхэхъуащ ГИТИС-р, Москва Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ Музыкэ училищэр, Ленинград, Саратов, Тбилиси консерваторэхэр къэзыуха уэрэджыIакIуэхэр.

Композитор Листов Константин и «Севастопольский вальс» опереттэр Москва къикIыжахэм къыздашэжат. КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лъэIукIэ, абы и режиссёрыр ГИТИС-м щыIэ я студием и унафэщI, режиссёр цIэрыIуэ Ансимов Георгийт. Театрым и хор икIэщIыпIэкIэ къызэрагъэпэщын хуей хъуащ, а лэжьыгъэр ягъэувын щхьэкIэ. Абы щыгъуэщ театрым хормейстр нэхъыщхьэу щагъэкIуар. 1969 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м щIидзэри, хорым и артистхэр чэзууэ къыхихащ. Нотэ щIэныгъэ зиIэ яхэмытми, зэпеуэм я зэфIэкI щеплъыжыну къэкIуа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я нэхъыфIхэр, утыкум итыну хущIэкъухэр къыхихащ. ТхьэмахуитIым къриубыдэу гупыр зригъэуIури уэрэд жыIэным хуигъэсащ. Абыхэми ящысхьакъым, езыри зыщысхьыжакъым. Хор партиехэр нотэ зымыщIэхэм макъкIэ къаубыдурэ жаIэфын хуейт. Уэрэд гъуазджэм хуаIэ лъагъуныгъэр абыхэм къадэIэпыкъуащ. «Севастопольский вальс» опереттэр зыгъэува Ансимовыр къыщыкIуам, абы и хор партиехэр зрагъащIэрт.

Опереттэр 1969 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м утыку кърахьащ. Театреплъхэр абы гуапэу къыIуцIащ, пэшышхуэм тIысыпIэ нэщI имыIэжу. Абы къыпэкIуа гукъыдэжым театрым и лэжьакIуэхэм дамэ къатригъэкIауэ оперэ, балет, опереттэ жыпIэми, лэжьыгъэщIэхэм трагъэгушхуащ. Ленин Владимир илъэси 100 зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр къытрищIыкIа либреттэр и лъабжьэу, композиторхэу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» оперэр ягъэлъэгъуащ 1970 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м. Адыгэхэм я музыкэ тхыдэм къриубыдэу япэ оперэт ар. Гъуазджэр фIыуэ зылъагъуу республикэм ис дэтхэнэри абы щыгуфIыкIащ. ГъэщIэгъуэнратэкъэ, район, къуажэ пхыдзахэм щыпсэухэм щыщ къакIуэурэ еплъырт абы.

- Ноби си пщIыхьхэм хэтщ дызыгъэгушхуауэ, ди пщIэр зыIэтауэ щыта а лэжьыгъэр. Хорым жыджэру хэтащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Къуныжь Алим, Мэремыкъуэ Хъусен, Пщыгъуэш Юрэ, Къардэн Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри, - жеIэ Юрэ. - Театр лэжьыгъэм щIыгъуу егъэджакIуэ IэщIагъэри зэпымыууэ есхьэкIащ. Музыкэ училищэмрэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтымрэ илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ дирижёрхэр згъэхьэзыру. КъищынэмыщIауэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм сыдахьэхыу сыкъекIуэкIащ, цIыхубэ уэрэдхэм сахэлэжьыхьыжащ, хорымрэ уэрэджыIакIуэ ансамблхэмрэ ягъэзэщIэн хуэдэу.

1996 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Обработки народных песен для хора» и лэжьыгъэр. Абы хигъэхьащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа «Андемыркъан», «Мэлыхъуэм и гъыбзэр», «Истамбыл гъуэгур», «Нысашэ уэрэд», «Кавказ къуршхэр», «Мой город Нальчик», нэгъуэщI уэрэдыжьхэр. Бицу Анатолэрэ абырэ зэдатхащ «Песня об Ашигере», «Приди, приди» уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, хорым, уэрэджыIакIуэхэм, художественнэ самодеятельностхэм хэтхэм папщIэ уэрэди 100-м нэблагъэ итхыжащ.

Зым и ужьым адрейр иту, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу театрым щагъэлъэгъуащ Модуньо и «Чёрный дракон», Верди Джузеппе и «Опера из опер», «Травиата», Штраус Иоганн и «Летучая мышь», «Цыганский барон» опереттэхэр, Дунаевский Исаак и «Вольный ветер», Легар Франц и «Цыганская любовь», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Рахманинов Сергей и «Алеко», Чайковский Пётр и «Евгений Онегин», Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэхэр, нэгъуэщIхэри.

Урысейм и щIыналъэ куэдым я гупыр ирагъэблагъэурэ зыкъыщагъэлъэгъуащ Ереван, Астрэхъан, Новочеркасск, Новороссийск, Луганск, Новгород, Псков, нэгъуэщI къалэхэми.

КъищынэмыщIауэ, ехъулIэныгъэхэр яIэу нэгъуэщI щIыналъэхэм зыбжанэрэ щрагъэкIуэкIащ КъэбэрдейБалъкъэрым и гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я махуэхэр. Апхуэдэ Iуэху дахэхэр мызэ-мытIэу Москва, Винницэ, Дон Iус Ростов, Липецк къалэхэм, гъунэгъу республикэхэм гукъинэжу къыщызэрагъэпэщащ Бэрэгъун Владимир, Темыркъан Борис, Теувэж СулътIан, Тхьэзэплъыж Ислъам сымэ я гъусэу. Апхуэдэ дыдэуи ди республикэм и нэгъуэщI лъэпкъхэм я артистхэр къэрагъэблагъэурэ я махуэхэр щIэщыгъуэу щрагъэкIуэкIащ. А гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр уасэншэт лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ.

1971 гъэм фокIадэм и 1-м ягъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъур. Абы хуагъэпса гуфIэгъуэ концертышхуэм я къаруи зэфIэкIи емыблэжу ирахьэлIащ. Республикэм «Октябрь революцэ» орденым и ещанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщат. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ СССР-м и союз республикэхэм яIэтэкъым. Ар къыщратыну яубзыхуа пIалъэр къэблагъэрт. ГуфIэгъуэ махуэшхуэр «Спартак» стадионым щагъэлъэпIэнут, Геттуев Максим и псалъэхэмрэ Молэ Владимир и макъамэмрэ зыщIэлъ «Си лъахэу Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдымкIэ къызэIуахыу. ЦIыху мин бжыгъэ хъу хорыр (радиомрэ телевиденэмрэ я хорыр, Музыкэ театрым, музыкэ, культпросвет училищэхэм, республикэм и художественнэ самодеятельностхэм я хорхэр къызэщIиубыдэрт) Юрэ пщэрылъ къыщащIат. Уэрэдыр макъиплIкIэ зэгъусэу жаIэн хуейт, дэтхэнэ макъри дагъуэншэу, иужькIэ зэгъусэу къэIун щхьэкIэ. Абыи нэхъ трагъэщIащ. Уэрэдыр жаIэн яуха нэужьи цIыху миным щIигъум я макъ жьгъырур Налшык къалэ и щIыпIэ куэдым дакъикъэ бжыгъэкIэ джэрпэджэжу щызэхэпхырт. ХьэщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуат ягъэхьэзыра программэр, псом хуэмыдэу хорым и зэфIэкIыр ину къалъытат. Ауэ ар зи фIыщIэр Юрэ и закъуэтэкъым, хормейстер нэхъыщхьэу щытами. А Iуэху дахэр къыхэзылъхьахэми зыщIрамыгъэхыу лэжьа дэтхэнэми я зэхуэдэ фIыщIэт. А махуэ лъапIэр куэдым ягу къинэжащ.

Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалъ 1991 гъэм и гъэмахуэм Налшык щекIуэкIащ. Абы хэтащ дуней псом щикъухьа адыгэхэм я лIыкIуэхэр. Хорым щхьэкIэ итхыжа «ИстамбылакIуэ» гъыбзэр фестивалым щагъэзэщIат, кърихьэлIахэм я нэпс къргъакIуэу.

Музыкэ театрым къыщыдэлажьэхэм я гъусэу *(2008 гъэ)*.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЩIалэгъуалэм я щапхъэхэр

Мэзкуу областым хыхьэ Домодедовэ къалэм «World Unifight Championship» фIэщыгъэм щIэту щекIуэкIащ зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ УФ-мрэ хамэ къэрал 19-мрэ я спортсмен 700-м щIигъу.

ГЪЭЩIЭГЪУЭНУ икIи удэзыхьэхыу щыта зэIущIэхэм зэфIэкIыфIхэр къыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щызэуат Аруан щIыналъэм щыщ щIалиплIи, щым медаль зэхуэмыдэхэр щызыIэрагъэхьащ.

Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж Сэхъурокъуэ Ислъам «лайт» лIэужьыгъуэмкIэ япэ увыпIэр къыщихьащ. Шэрэдж Ищхъэрэм щыщ Шыгъушх Замири зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ килограмм 90 зи хьэлъагъхэм я деж.

Абы нэмыщI Аруан щIыналъэм и лIыкIуэхэр хэтащ «классика» зэхьэзэхуэ лIэужьыгъуэми. Мыбдежым япэ увыпIэмрэ чемпионым и бгырыпхымрэ къыщихьащ Шыгъушх Замир. Килограмм 65-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щызауэ Щомахуэ Беслъэнрэ Сэхъурокъуэ Ислъамрэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Щомахуэ Казбекрэ Лъэкъущо Альбертрэ.

ЗэIущIэхэр зэфIэкIыу къагъэзэжа нэужь Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щагъэлъэпIащ Сэхъурокъуэ Ислъам. Абы кърихьэлIат щIалэм и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, ныбжьэгъухэмрэ къуажэдэсхэмрэ. Сэхъурокъуэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Шытхьэлэрэ Шэрэдж Ищхъэрэрэ я къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэу Унэжокъуэ Асльэнрэ Къамбий Астемыррэ икIи къыхагъэщащ щIэблэ узыншэ къытщIэхъуэн, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэн папщIэ спортым и мыхьэнэр зыхуэдизыр.

Къамбий Астемыр фIыщIэ яхуищIащ Сэхъурокъуэ Ислъам и адэ-анэм, абы гъэсэныгъэ дахэ зэрыхалъхьам папщIэ. Апхуэдэуи жиIащ лIыгъэ зэрахьэу, Хэкур яхъумэу дээ Iуэху хэхам ди щIалэ куэд зэрыщыIэр, абыхэми зэраригушхуэр.

БЭБЭЧ Болэ.

Далия и сурэтхэр япэу ягъэлъагъуэ

Налшык сурэтхэр щытрах «Сигу ирохь» студием щагъэлъагъуэ Санкт-Петербург щылажьэ, а къалэм киномрэ телевиденэмкIэ институтыр къыщызыуха кинокритик, журналист, сурэт техыныр зи псэм хэлъ Бещто Далия и лэжьыгъэхэр.

ДАЛИЯ и япэрей выставкэм сурэтищэ къызэщIрагъэубыдащ. IуэхущIапIэр зей ХьэцIыкIу Миланэ жиIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ Далия и лэжьыгъэхэм ИнтернетымкIэ зэрыкIэлъыплъыр икIи ахэр игу зэрыдыхьэр. А сурэтхэр Миланэ и IуэхущIапIэм зэгуэр щигъэлъэгъуэну зэримурадыр щыжиIэм, зэгурыIуэри Iуэхум иужь ихьащ. Выставкэм кърихьэлIахэм Далия яригъэцIыхуа нэужь, ехъуэхъуащ и IэщIагъэм ехъулIэныгъэ къыхуихьыну, сурэттех цIэрыIуэ хъуну.

- Кином и тхыдэм, журналист IэщIагъэхэм сыхуеджами, сурэт техыныр куэд щIауэ сыдэзыхьэх Iуэхугъуэщ. 2014 гъэм жып телефонхэм сурэттех нэхъыфIхэр хэту къыщежьам абы сызыIэпишащ. Уэрамым сызыщрихьэлIэ теплъэгъуэхэр къэзгъэлъэгъуэну сфIэфIщ. Иужьрей илъэситхум Москва, Санкт-Петербург, Налшык, Сочэ, Къэзан къалэхэм я уэрамхэм сыздрикIуэм тесха сурэтхэрщ мыбдеж щыфлъагъур, - жиIащ Далия. - ФыкъызэрыкIуар си гуапэщ! Сурэтхэр фигу дыхьэну сыщогугъ.

ХьэцIыкIу Миланэ зэхуэсахэм яжриIащ гупыж зыщI дэтхэнэми Далия сурэт трихыну, илъагъур къызэрыщыхъур занщIэу жиIэнуи зэрыхьэзырыр.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Бжэр зыгъэсар яубыдащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 27-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 64-рэ зи ныбжь, унэлъащIэ щагъэхьэзыр цехым и унафэщI цIыхухъум. ЗэрыжиIамкIэ, цехыр зыхэт, къатитI хъу унэм и щIыхьэпIэ бжэм зыгуэрым мафIэ щIидзащ. Ар псынщIэу ягъэункIыфIащ, ауэ хэщIыныгъэу сом 132781-рэ къэрикIуащ.

КЪЭЛЪЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым къалэ управленэм и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубзыхуащ. ЩэкIуэгъуэм яубыдащ нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 49-рэ хъу налшыкдэсыр.

ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, цехым и лэжьакIуэхэм язымрэ абырэ яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум къыхэкIыу мафIэ щIидзащ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм полицэм и къудамэ №1-м и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 167-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Ар илъэси 5-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

ДыщэхэкIхэр идыгъуат

Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 19 хъу пщащэм. Щхьэусыгъуэр я унэм езымрэ и анэмрэ я дыщэхэкIхэр зэрыщIэкIуэдыкIарт.

КЪУДАМЭМ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ дыгъуакIуэр лей зытехьам и ныбжьэгъу, илъэс 19 хъу хъыджэбзыр зэрыарар.

Пщащэм зиумысыжащ. Мы гъэм и фокIадэм я деж къэкIуауэ абы шкатулкэм дыщэхэкIхэр зэрилъым гу лъитащ. Абы махуитIым къриубыдэу дыщэхэкIхэр къищтащ. Ахэр и уасэщ сом 160000-рэ, ауэ ищащ сом мин 88-кIэ. ИужьыIуэкIэ, щэкIуэгъуэ мазэм, шэч зыхуащIыр абыхэм я деж щыхьэщIэу, и ныбжьэгъум и анэм и пхъуантэ цIыкIум къыдидыгъукIащ сом 220000-рэ и уасэ дыщэхэкI. Къудамэм и лэжьакIуэхэм ахэр ломбардым къыщIахыжащ.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а» пунктым, 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым япкъ иткIэ.

Ахъшэр къыIэрыхьэри... зигъэбзэхащ

Урысей МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м зыхуигъэзащ илъэс 31-рэ хъу налшыкдэсым. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, мы гъэм и накъыгъэм абы Интернетым къыщигъуэтащ зыгуэрым тхылъхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ юридическэ Iуэхутхьэбзэ цIыхухэм зэрахуищIэм теухуа хъыбарегъащIэ.

ЕПСАЛЪЭРИ, налшыкдэсыр щIалэщIэм хуэзащ икIи къыхуищIэну Iуэхутхьэбзэхэм папщIэ сом 60000 Iэригъэхьащ.

МахуипщIкIэ юристу къыжезыIам къэпсалъэурэ Iуэхум яужь зэритыр и фIэщ ищIащ, адэкIэ телефонри къищтакъым, хуитххэми къыпэджэжакъым.

Къудамэм и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ - ар Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу, илъэс 26-рэ хъу щIалэрщ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ юрист IэщIагъэ зэримыIэр икIи налшыкдэсым дэIэпыкъуну зэрыхэмытар.

Урысей МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм СледствиемкIэ и IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

ЗэдэлэжьэнУ зэгурыIуащ

Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и IэтащхьэмЬ и къуэдзэ Литовкэ Наталье, IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщI Хромов Вячеслав, инспектор ЩIэщ Мурат сымэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм.

КЪУДАМЭМ и унафэщI Дадэ МуIэед УФССП-м и лэжьакIуэхэм яжриIащ фондым и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. АдэкIэ ахэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэр зэрызэдэлэжьэнум. Гулъытэ хэха хуащIащ СВО-м хэта дзэ къулыкъущIэхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным, зэрызыкъыхуагъазэхэм зэщIыгъуу псынщIэу хэплъэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэмрэ яфI зыхэлъхэмрэ хъумэным, апхуэдэуи щIалэгъуалэр Хэкур фIыуэ ялъагъуу, Урысейм и тхыдэм пщIэ хуащIу гъэсэным.

ЗэIущIэм хэтахэр зэдэгуэшащ щIэгъэкъуэн хуэныкъуэхэр дэIыгъынымкIэ зэфIахахэмкIэ, щыIэ жэрдэмхэр нэхъри егъэфIэкIуэным зэреплъхэмкIэ.

Iуэхум и кIэухыу УФССП-м и лэжьакIуэхэмрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэм и лIыкIуэхэмрэ адэкIи зэдэлэжьэну зэгурыIуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **ШИРДИЙ Маринэ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.487
Заказыр №2562

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.